«Евровидение-2009»-м и япэ финал ныкъуэм адыгэ пщащэ Хьэдисэ псоми щатокIуэ

Япэ финал ныкъуэр иухащ.

Швецием къикIа Эрнман Маленэ.

Израилым щыщ уэрэджыIакIуэхэу Ноарэ Авад Мирэрэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№88 (21.496) ● 2009 гъэм накъыгъэм (майм) и 14, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Хьэдисэ (Тырку Республикэ)

«Евровидение-2009» макъамэ зэхьэзэхуэу мы махуэхэм Москва щекIуэкIым и япэ финал ныкъуэм щытекIуа цIыхуитIым я цIэхэр накъыгъэм и 12-м наIуэ къэхъуащ.

ЕВРОПЭМ хыхьэ къэралхэм я телевизорепъхэм ирагъэкIуэкIа Iэ Iэтыжрэ профессиональнэ къэзыгъакIуэ гупымрэ (абы и пашэр урысей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ икIи продюсер Киркоров Филиппщ) къызэралъытамкIэ, зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэм зыкъыщыгъэлъэгъуэнухэм хабжащ Бельгием щыщ Мол къалэм щыпсэу адыгэ унагъуэм къыщалъхуа, илъэс 23-м ит Ачикгез Хьэдисэ. Тырку къэралыгъуэм и цIэкIэ «Евровидение»-м и утыку кьихьэну къыщыхуагъэлъагъуэм, абы «хьэуэ» къыхигъэкIакъым икIи егупуу зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзыращ. Абы кърикIуащ Хьэдисэ игъэзэщIа «Dum Tek Tek» уэрэдымрэ езы пщащэм и теплъэ гуакIуэмрэ куэдым ягу зэрыригъэхьар икIи зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм Iэ нэхъыбэ дыдэ зэрыхуалIэтар. Хьэдисэ дэщIыгъуу финалым зыкъыщалъхьэлъэгъуэнущ. Швецием, Израильм, Португалием, Мальтэм, Финляндием, Румынием, Армением, Исландием, Боснием, Урысейм я лIыкIуэ уэрэджыIакIуэхэм.

Москва дэт «Олимпийский» стадионым щыIэу цIыху мин 12 зэпIа (телевизоркIэ ар зыльэгъуа цIыху мелуанхэр хэмыту) концерт-зэхьэзэхуэр инджылызыбзэрэ франджыбзэкIэ ирагъэкIуэкIащ дуней псом щыцIэрыIуэ модель Водяновэ Натальерэ Урысей къэралыгъэ и Япэ каналым и лэжьакIуэ Андреирэ, зэпсеуэр зэрызэхуащIыж Iыхьэр егъэкIуэкIыныр къалъысащ урысей уэрэджыIакIуэ Алсурэ телеведущэ Ургант Иванрэ. Япэ финал ныкъуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа уэрэджыIакIуэ 18-м ящыщу нэхъыфIу къалъыта Хьэдисэ къыдэщIахэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, Тыркумрэ Бельгиемрэ щыпсэухэм я закъуэкъым, атIэ ар зэрыадыгэр зыщIэ ди льапхъэгъуэхэри, шэч хэмылъу, абы и кIэн къызэрикIыным хуэхъуэпсащ. Зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIым и кIэлъыплъа-кIуэхэм къызэралъытэмкIэ, «Евровидение-2009»-м и япэ увыпIитIыр къэзыхьыныжям адыгэ пщащэр яхэхэуэну хуагъэфащэ.

- Нэхъапэм сэ сыкъыщащIэр Тыркум и закъуэу щытамэ, иджырей си зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм Европэ псом сыкъригъэщIыхуащ, - зэрыгуфIэр имыбзыщIу жеIэ Хьэдисэ. - Иджыпсту зыхэсщIэм пэгъунэгъуэ гурыщIэ гуэри игъащIэм зыхэсщIауэ си фIэщ хъуркъым. Абы икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ си дежкIэ. Сэ Тхьэр си фIэщ мэхъу икIи абы и Iэмыркlэ адэкIи схуэзфIэкI псори сщIэнущ, текIуэныгъэ къэсхьын папщIэ.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Кризисым пэщIэтынымкIэ комиссэ къыззрагъэпэщ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 20-м нэблагъэм щыхэпльащ. Ар ирагъэкIуэкIащ хабзэзыдзыхь органым и УнафэщI Чеченов Ануар.

ЯПЭ ЩIЫКIЭ депутатхэр тепсэлыхьащ КъэбэрдейI-Балькъэрым и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр щекIуэкIыну пIалъэм. Зэчэнджэщ нэужь, ар мы гъэм накьыгъэм и 28-м щыIэну унафэ кьащтащ. Парламентархэм я мурадщ «КъэбэрдейI-Балькъэр Республикэм и къэралыр властым и органхэр КъэбэрдейI-Балькъэр Республикэм и муниципальнэ щIынальэхэм я советхэм зэрадзлажьэм и Iуэхукlэ», «КъэбэрдейI-Балькъэр Республикэм и къэралыр мылькум хыхьэ объектхэу щхьэхуэу кьыхэбгъэкIыну узыхуимыт-хэм я Iуэхукlэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм яIэ еджэгъуэкIэ хэпльену. «КъэбэрдейI-Балькъэр Республикэм и КъэзыщIытэ-къэзыбж палатэм и Iуэхукlэ», «Егъэджэныгъэм и Iуэхукlэ», нэгъуэщIхэмкIи КъБР-м и Законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хальхьэнущ.

Чеченов Ануар депутатхэм яжриIащ дунейпсо финанс-экономикэ кризисым къыщыгугъуэхьэхэм къыхэкIыу, ахэр къызэнэкIыным псынщIэу хэкIыпIэхэр къыхуагъуэтын мурадкIэ, КъБР-м и Парламентым деж кризисым пэщIэтынымкIэ комиссэ къыщыззрагъэпэщыну унафэ къызэращтар. Комиссэм и кьалэн нэхъыщхьэр КъэбэрдейI-Балькъэрым щекIуэкIэхэр, кризисым и зэранкIэ кьэунэхункIэ хъунуэр зэпкрыхьыныщ, ахэр зэфIэхыныщ, экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэхэмрэ я зыужькIыным ехьэлIа Iуэхуэхэм хэпльэнырщ, абы и лъэныкьуэкIэ республикэм и Правительствэм илэжьхэм кьарикIуэхэр кьэльытэныращ; КъБР-м и Парламентым и пщэрыльхэм кьызэриIасэкIэ, КъэбэрдейI-БалькъэрРеспубликэм и экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэхэмрэ я зэпIэзэрыгъыныгъэм хуэгъэзэуэ кризисым зэрыпэщIэтыну план зэхэт гъэхъэзырыныщ. КъБР-м и къэралыр властым и гъэзэщIакIуэ органхэм кризисым пэщIэтыным теухуа Iуэхугъуэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынырщ.

Къэпсэльам адэкIэ кьыхигъэщащ кризисым пэщIэтыну комиссэр зэрызэкьэнум и положенэр зэрызэхальхьар. Абы кьыдэкIуэу биджэтым, псэуныгъэм, экономикэ политикэмрэ промышленностымрэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, мэкъумэш Iэнатlэм я Iуэхухэм псынщIэу унафэ тёзыщIыхьыну гупхэр КъБР-м и Парламентым деж кьыщызэрагъэпэщыну я мурадщ.

ИужькIэ Законодательствэмрэ къэрал уэхущкIэмкIэ комитетым хэт **Кебеков Владимир** къыхихльхьэри, зэIущIэм щызэпкърахащ «МафIэсым зыщыкъумэным и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектыр. Абы кьызэригъэлъэгъуамкIэ, законопроектым нэхъ пIыуныкIауэ щыгъэбеладжылащ мафIэсым пэщIэтын и зэкIэльеГъакIуэ. Апхуэдэу мафIэсым зыщыкъумэным кьызэрызэрагъэпэщ, зэрырагъэкIуэкI Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэпкрыхауэ проектым щыгъэбеладжылащ.

Зыхэплъахэм ящыщу федеральнэ законодательствэм ирагъэззэгъэжа, «КъэбэрдейI-Балькъэр Республикэм сабийм щIэ хуитыныгъэхэм я шэсапIэхэм и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэльхьэным теухуа законопроектыр.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Сытри къащхунут

США-м и сенатым и комитетым кьыщта унафэм ипкъ иткIэ, Къыргызым и авиатранспорт системэр иригъэфIэкIуэн пащIэ, доллар мелуан 30 хуэутIыпщынущ. Вашингтон я къэралым щIыпIэ авиабазэр дяпэкIи кьнгъэсэбэныну хуит яцIэм.

А Iуэхур зыубзыхуну законым и проектыр сенатым и комитетым мы тхьэмахуэр икIыху кьыщтэн хуейщ. Апхуэдиз биджет ахьшэр кьыхахыну я гугъэщ Иракымрэ Афганистанымрэ щрагъэкIуэкI зауэм текIуэдэну хуэхаха мылькум.

Къыргызым и «Манас» авиабазэр ООН-м и зауэлIхэм кьагъэсэбэныр щIадзат 2001 гъэм и дыгъэгъазэм. Нобэ абы кьулыкъу щащIэ США-ми нэгъуэщI къэралхэми я зауэлI 1200-м. Мы гъэм мазаем и 3-м Къыргызым и президентым унафэ кьыщтащ США-м и ВВС-м Манас щIыгъ базэр зэхуищIыжыну. Абы ипкъ иткIэ, хамэщI кьикIа зауэлI псори Къыргызым иIэпхъуКIыжын хуейщ щыщхьэIум икуэм.

Къэрал IуэхукIэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Премьер-министр Путин Владимир Удан-Батор кIуащ, Монголием и унафэщIхэм къэралыгъэхуКIэ яIуащIэну.

КъыщынэмыщIауэ, ар хэтынущ «Данэ гъэзэгушхуэм и лъэужь» зи фIэщыгъэнIэ дуней-псо щIэныгъэ экспедицэр щрагъажьэ гуфIэгъуэ зэхьэхьэм.

Путин Владимир ЩыщIэн хуейщ Монголием и премьер-министр Баяр Санжагиюн, къэралыгъэхэм ехьэлIа щыхьэт тхыльэ зыбжанэм Iэ щIадзын папщIэ.

ИужькIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIыр хуэзэнущ Монголием и президент Энхбаяр Намбарын.

Уасэр докIуей

ОПЕК-м хьыбар кьызэритамкIэ, абы ищэ щIыдагъэм и уасэр зы баррелым хуэзэу нэсащ доллар 57-м. Иужьрей махуэхэм абы хэхьэгъэнытщ.

Псом хуэмыдэу ОПЕК-м и щIыдагъэр лъапIэу щыщытар 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-рщ. А махуэм ар и уасэт доллари 140,73-рэ. Ику иту нэгъабэ абы уасэу иIащ доллар 94,45-рэ. Мы гъэм и щIышылэм зы баррелым доллар 41,52-рэ, мазаем - доллар 41,35-рэ, гъатхэпэм - доллар 45,78-рэ хуэзэу щытауэ араща.

Нэгъабэ гъатхэпэм ОПЕКм и щIыдагъэ лIэужьыгъуэхэр 12 хъуат, Эквадорыр кьазэрыхьхьам и фIыгъэкIэ. Урысейр а зэгуфхэныгъэм хэткьым, ауэ и щIыдагъэр зэрищэр, дауи, абы кьигъэльагъуэ уасэм тещIыхьауэщ.

(ИТАР-ТАСС).



◆Парагвай Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1811 гъэм къэралыр щхьэхуит хъуащ.

◆Илъэс 55-рэ и пэкIэ Гаагэ щыIа конференцым кьыщащтащ зауэ щекIуэкIкIэ щэнхабзэм и хьэпшыплъапIэхэр хъумэным ехьэлIа Рерих и пактыр (1935 гъ.) зи лъабжьэу зэхальхьа конвенцэр. Абы 1954 гъэм щыщхьэIум и 7-м лжьэн щIидзащ.

◆Накьыгъэм и 14 - 19-хэм Санкт-Петербург щызэхэтынущ «ЩIэныгъэмрэ хъэныгъэтыщIэмрэ» зыфIаща дуней-псо зэхьэхьэ.

◆1692 гъэм япэ уэрэс дзэ кхъухьыр псым трагъэхьащ.

◆1955 гъэм Варшавэ зэгурыIуэныгъэм и организацэр кьызэрагъэпэщащ.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакьикъэ 43-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакьикъэ 22-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 39-рэ.

Пащтэнэр зыгъэхьэзыраР ГЪУЩIО Зарифи.

● Аруан куей

Лэжьыгъэхэр зэпыуркъым

Аруан куейм и мэкъумэшыщIэхэм гъатхэсэр щызэфIагъэкIыи хуей гектар мин 14-м щыщу гектар мини 6-м мы зэманым трагъэ сэхурانымрэ партыкъумрэ.

ГЪАТХЭ губгъэу дэжьыгъэ псори зэрызэфIагъэкIыну дагъэтэсэныпхъэу тони мини 6-м щIигъу зэхэсщIыкIа зыгъэ уасэкIэ (зы литрым сом 11 гъэзэу) ираташ. Махуэ кьэс губгъуэм щолажьэ мэкъумэш техникэу 100 хуэдиз.

Мы гъэм Аруан куейм и мэкъумэш Iуэхущ Iапи Iэхэм кьагъэсэбэныну яIэщ трактор 300-м нэс, гъавэр зэрыIуахыж машинэу 32-рэ, комбайну 24-рэ. Iэщ гъэхъуи и пэмыкъужкIи районым и Iуэху Iейкъым: мы илъэсыр кьызэрихьэрэ лыхэкIыу тонн 1450-рэ, гъэшу тонн 4800-рэ кьалэжащ. Ар илъэс кIуам нэхъ нэхьыбэу. Мэкъумэш Iэнатlэр кьуажэхэм щызэфIагъэувэжьын мурадкIэ, Аруан куейм и мэкъумэш-фермер, уней хозяйствэхэм мы илъэсым зэрыщIидзэр сом мелуан 19 щIыхуэу кьэралым кьаригащ. Ар нэхъыбэу трагъэкIуэдзэщ Iэщ гъэхъунымрэ хадэхэкIкъэхьэлIэнымрэ.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.



Шинкубэ Бэгърат и фэеплъу

АБХЪАЗ. ***Адыгейм, Къэбэрдей-Балькъэрым я цIыхубэ тхакIуэ, Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ Шинкубэ Бэгърат къызэралъхуэр илъэс 85-рэ щрикъуу махуэр республикэм иджыблагъэ щагъэлъэпIащ.***

ТХАКIУЭМ и цIэр зэрихьэу Сыхъум кьалэ дэт езанэ кУрыт еджапIэм гуфIэгъуэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ Абхъазым щэнхабзэмкIэ и министр Логуа Нугъаар, республикэм Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр. ЗэIущIэ нэужьым хьэщIэхэм Шинкубэ Бэгърат и фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Ветеранхэм зыщIагъакъуэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и ветеранхэр, сабий ныкъуэдыкъуэ зыпI унагъуэхэр псэупIэкIэ кьыхэгъэпэщыным, егъэфIакIуэным ехьэлIа унафэ щыIэ.***

Республикэм и правительствэм и къэралыгъуэм и Iуэхущ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и Унафэкlэ, 2010 гъэм накьыгъэм и 1-м ирихьэлIэу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, абы зи щхьэгъуэз хэкIуэда фызабэхэр псэупIэкIэ кьыззрагъэпэщын е абыхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуэн хуейщ. Абы щыщу 31-рэ зауэм зи щхьэгъуэз хэкIуэда фызабэ 12-рэ щыщытщ.

Мэкъумэшым зрагъэужь

2012 гъэ пщIондэ республикэм и мэкъумэш хозяйствэм зэрызыужьыну теухуа программэ иджыблагъэ зэхагъэуващ.

IУЭХУГЪУЭ нэхъыщхьэхэм ящыщщ мэкъумэш Iэнатlэм зегъэужьныр, продукцэм и куэдагъэкIыр. ФIагъымрэ хэгъэхъуэныр, кьуажэхэм я псэуКIэр кьэЗэтыжьныр, ахэр газкIэ, псыкIэ кьызэрэпсэлъныр.

Республикэ программэ хэхар ягъэзэщIэн папщIэ сом меларди 10-м нэблагъэ трагъэкIуэдэнущ. Федерал бюджетым сом меларди 4,5-рэ, щIыпIэ бюджетым - сом меларди 2,4-м нэблагъэ къыхэкIынущ. Адрейр инвестицэ мылькущ.

Спортым хухах

АДЫГЕЙ. ***Республикэ стадионыр зэрагъэзэщIыжыр папщIэ сом мелуан 60 федеральнэ бюджетым къыхэкIынущ. Ахъшэр илъэсым и ещанэ мазищым къэутIыпщын щIадзэнущ.***

АДЫГЕЙМ и Президент Тхьэкlуушынэ Аслъэнджэрий зэрыжиIамкIэ, а Iуэхугъуэм щыпIэ бюджетми сом мелуан 20-м щIигъу хухихащ.

КъищынэмыщIауэ, спорт уэхуэныгъэхэр зыхуейину материалхэмрэ техникэ Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщын щхьэкIэ сом мелуан, автотехникэм папщIэ мелуанитху дызэрыт илъэсым щIыналъэ мылъкум къыхагъэкIынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Гупыж»

Апхуэдэ фIэщыгъэм щIэту «Эльбрус» тедзапIэм къыщыдэкIащ усакIуэ щIэрыIуэ Къагъырмэс Борис и тхыль.

АВТОРЫМ «Тхыгъэ кIэщIхэр» зыфIища абы и япэ Iыхьэм хинбыдащ усакIуэм и философие гупсысэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэ кIэщIхэр. Псом хуэмыдэу удихьэхыу укъоджэ усакIуэм и дуней епIыкIэр, щIыху гъащIэм и зэхэпыкIэм щыщу гу зылъытахэр Iупщу къызыхэщ едзыгъуэхэм. Абыхэм ящыщщ «Гъэжьагъэущым къыгъаригъэзэжырыкъым», «Удыгэжьэ!», «Ещтауэмрэ щтачуымрэ» зыфIища тхыгъэхэр.

Къагъырмэсым и тхыгъэхэм лъабжьэ яхуищIыр ящыщ лъэныкъо и тхыдэм, и щэнхабзэм я закъуэкъым, атIэ екIуу кьегъэсэбэн зи лэжьыгъэр уахътыншэ хъуа Пушкин, Лермонтов, Некрасов сымэ я IэдакъэщIэкIэхэм кьыщыкъа гупсысэхэр. Апхуэдэщ «Пушкиным и гуныкъуэгъуэр», «ЦIыхубэ усакIуэ», нэгъуэщIхэри. УсакIуэр егъэпIейтей «философием и вагъуэщIэхэр» кьыщыцIунэхун хуейуэ къалъытэ 21-нэ лIэщIыгъуэм хиубыда цIыху зэчифIэхэм ди лъэпкъ литературэм и мыхьэнэр лъагэу зыгъэтыфIын образыщIэхэр дагъэлъагъун зэрыхуейм.

«Гупыж» тхылъым и етIуанэ Iыхьэм щызэхэхьэсащ абхъаз, ермэлы, хьэрыт тхакIуэ щэрыIуэхэу Камкиа Шалико, Гурунц Леонид, Теймур Мыхьмэд сымэ я тхыгъэхэу Къагъырмэсым зэридзэкIаэр. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я дунейр, я гупсысэр, я щэнхабзэр, зэлъытыныгъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ нэхъри гъэщIэрэщIауэ, бэм ябгъэдилъхьэн хузэфIэкIащ Къагъырмэс Борис.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● ТхылъыщIэ





Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи адэ и щIапIэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ.

Дохутырхэр Налшык щызочэнджэщ

Налшык дэт «Синдика» хьэщIэщым накъыгъэм и 15 - 16-хэм щекIуэкIынущ сабий хирургием теухуа Iуэхухэмкlэ щызэчанджэщыну, Кавказ Ищхьэрэм щыщ щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэтыну еджапIэ-семинар.

ЗэIУЩIэм кьрихьэлIэнущ Бурденкэ Н. Н. и цIэр зезыхьэ, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием нейрохирургиемкIэ и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и унафэщI, щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м, РАМН-м я академик Коновалов Александр, УФ-м щыцIэрыIуэ дохутыр куэд.

Ахэр тепсэлъыхьынущ зи щхьэ куцIыр зэ сабийхэм щеIэзэкIэ зыIууэ гугъуехьхэм, щхьэ къупщхьэм сэкъат игъуэтамэ, ар къызэрыщIэну щыгъуэм, ирилъхьэну, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэу семинарым хэтхэм гидроцефалие узыфэр зыпкърыт сабийхэр иджыпсту Iэмалхэмкlэ зэрыбгъэхъужыну щыкIэм теухуауэ мастер-класс ирагъэкIуэкIынущ.

Семинарыр накьыгъэм и 15-м сыхьэти 9.00-м къызэIуахынущ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

● Iэщ гъэхъун

Хъушэхэм къахохъуэ

КъэбэрдейI-Балькъэрым Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ и министерствэм и къэралыгъуэ зэрызыужьыну, мэлыхьыхьым и 1-м ирихьэлIэу хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми Iэщыщхуэу лIэм нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ проценти 2,6-кIэ хэхъуащ икIи абыхэм я бжыгъэр мин 230-м нэсащ. Жэмхэр мини 104-м щIегъу.

ЯПЭ мазищым республикэм гъэшу тонн мин 61-м нэблагъэ, лыуэ тонн мин 11 кьыщалэжьащ, джэдыкIэу мелуан 30-м щIигъу кьыщрахащ. А бжыгъэхэри нэгъабэ и апхуэдэ зэманым яхуэзэфIэкIам нэхьрэ, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, проценти 2-кIэ, 14-кIэ, 4,6-кIэ нэхьыбэщ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Ныбжьэгъу пэж

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

«Адыгэ псалъэр» дахэу мэпсалъэ,
«Адыгэ псалъэр» дэ къыщопсалъэ,
«Адыгэ псалъэм» фIыщ дыхьхуишэр,
«Адыгэ псалъэм» узгум урешэ.
«Адыгэ псалъэр» къыбдогуфIэ,
«Адыгэ псалъэм» тауркъ къыбжеIэ,
Уи нэщхьеягъуэмэ, ар къыбдогуIэ,
Уи нэщхьыБагъэр лъагэу бдеIэт.
«Адыгэ псалъэм» чэнджэщкэр кьует.
Нэмыси хабзи мыбы щогъуэт,
Лъэпкыр сыт щигъуи ещIыр зэкъуэт.
Хьм адрыщIкIэ щыпсэууэ щытми,
Ди кIуэш адыгэхэр абы кьегъуэт.
Муслымэн диным и хабзэ псоми,
Хэт щIэупщIэми, жэуап кьрет.
ЩIэблэр гъэсэным и чэнджэщ куухэр,
Ухуейуэ щытмэ, кьыщыбгъуэтыжащ.
Къэрал унафэу кьащтащэ жьуари
Дэ гурыIуэгъуэ щыщыщIыр арщ.
Ауэ щыщIкIэ, «Адыгэ псалъэр»
Адыгэ псоми дыкъэщI ныбжьэгъу,
ЩIегъуэж хэмыту, ар псоми
Тхуэмкъуищ псалъэгъу пэж!

КIУРАШIН Алий.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2009 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ Iапи Iэ псоми.

Ди индексыр 51531

ГуфIэгъуэ пшыхьым фрагъэблагъэ

Накьыгъэм и 14-м Къэрал концерт гъэлэгъуапIэм щызэхэтынущ «Надлыкь кьалэ и бзылъхугъэ нэхьыфI-2009 гъэ» щIыхьыпIэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэр щагъэлъапIэ пшыхь. ГуфIэгъуэ зэхьыхьэр ягъэдэхэнущ республикэм и артист щIэрыIуэхэм.

Пшыхьыр щIидзэнущ сыхьэт 16.00-м.

Кризисым пэщIэтынымкIэ комиссэ къызэрагъэпэщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** къыхилъхьащ КъБР-м и Парламентым Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрийрэ Правительствэм и Iэтащхьэ Путин Владимиррэ зэрызыхуагъазэр. Ар теухуащ «ЦIыху мылэжьэфхэм якIэлъыплъхэм ират компенсацэ ахъшэм и Iуэхукlэ» УФ-м и Президентым 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м къыдигъэкIа Указ №1455-мрэ «ЦIыху мылэжьэфхэм якIэлъыплъхэм компенсацэ ахъшэр мазэ къэс етыныр къызэгъэпэщыным и IуэхукIэ» УФ-м и Правительствэм 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м къищта Унафэмрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. Абы къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентымрэ «Зыуэ щыт Урысей» партым и УнафэщI Путин Владимир и щIыналъэ жылагъуэ хэщIапIэмрэ кIэлъыплъыныгъэ хуэныкъуэныкъуэдыкъуэ куэдым зэрызыхуагъазэр.

Жанатаев Сэлим зэрыжиIамкIэ, цIыху мылэжьэфхэм якIэлъыплъхэм хуагъэува компенсацэ ахъшэр лэжьэфхэм псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу иратым нэхърэ куэдкIэ нэхъ мащIэщ. Арами, 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 4-м УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, зылъэмыкIхэм якIэлъыплъ цIыху лэжьэфынум пенсэ иратыркъым, апхуэдэу ар нэгъуэщI Iэнатlэ Iуту ядэркъым. КIэщIу жыпIэмэ, ират сом 1200-м фIэкIа хэхъуэ къыIэрыхьэркъым. Я нэхъыбэм деж цIыху мылэжьэфхэм якIэлъыплъыр пенсэм щыс я Iыхьлыхэрщ, лэжьапIэ Iутхэрщ. Абы къыхэкIыу, юмпенсацэр къыIахыркъым е ар, хабзэм тету, нэгъуэщIхэм я цIэкIэ ирагъэтх.

Жанатаевым къызэрыхигъэщамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэ щопсэу зэпымыууэ кIэлъыплъыныгъэ хуэныкъуэ цIыху мылэжьэфу мин 24-м щIигъу. Абы щыщу компенсацэ зратыр мин 15,5-рщ, мини 9-м щIигъум ар яIэрыхьэркъым.

А Iуэхум КъБР-м и Парламентыр и зи чэзу зэIущIэм щыхэплъэнущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIымкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр къыхилъхьащ Аграрнэ политикэмрэ щIым ехьэлIа зэхущытыкIэхэмкIэ комитетым и унафэщI **ЛIыхъугу Хьэжмурид**. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэм ЩIымкIэ и кодексым игъуэтыну зэхъуэкIыныгъэхэр зэхьэ лIар гъэмахуэ хъупIэхэм хухахынухэрщ.

Законым тетынымкIэ, хабзэр хъумэнымрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ комитетым и унафэщI **Башорэ Хьэмид** къыхилъ хьащ УФ-м и Къэрал Думэм Шынагъуэншагъэмкlэ и комитетым мы гъэм мазаем и 19-м иригъэкIу экIа «Урысей Федерацэм дежкIэ афган афияным пылъ шынагъуэмрэ жылагъуэр абы щыхъумэным хуэунэтIа законодательнэ Iэмалхэмрэ нэгъуэщI хэкIыпIэхэмрэ» Парламент едэIуэныгъэхэм теухуа чэнджэщхэр.

Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, ЩIалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IуэхухэмкIэ комитетхэм я унафэщIхэу **Несутулов Виктор, Хьэщхъ уэжь Татьянэ,** Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ комитетым и Iэтащхьэм и къуэдзэ **КъуэщIысокъуэ Юрэ** сымэ къыхалъхьэри, зэIущIэм щытепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыналъэхэм я хабзэубзыху жэрдэмхэм. Апхуэдэщ «Розницэ бэзэр хэмрэ УФ-м ЛэжьыгъэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымрэ я IуэхукIэ», «Бдзэжьей ещэным, псыхэм я биологие гъэтIылъыгъэхэр хъумэным я IуэхукIэ», «Зэхуэсхэм, пэкIухэм, демонстрацэхэм, гупышхуэу ирикIуэхэм, пикетхэм я IуэхукIэ» законхэм я проектхэр.

Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIунымкIэ, регламентымрэ депутат щэнхабзэмкIэ комитетым и унафэщI **Щыхьалы Заирэт** жиIахэм едаIуэри, Президиумым хэтхэм унафэ ящIащ «Налшык» ОРТК-м и режиссер нэхъыщхьэ Мартиросовэ Варварэ Эммануил и пхъум, «Республикэ зэхуаку кIэнауэхэр зехьэнымкIэ управленэ» Федеральнэ къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI Мамхэгъ Алексей Шу и къуэм, а IэнатIэм и гаражым и шофер Iэтэ Арсен Тазриб и къуэм, экскаваторым и машинист Хъаний ТIимошэ Хьэутий и къуэм КъБР-м и хабзэгъэув орган нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъыр иратыну.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.

КъБКъУ-м щылажьэ нэхъыжьхэр ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щагъэлъэпIащ Хэку зауэшхуэм и ветеран абы щылажьэхэр.

ГУФIЭГЪУЭ зэхыхьэм кърихьэлIа нэхъыжьхэр къыхуащта Iэнэм ирагъэблагъэри, КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий абыхэм захуигъэзащ: «ПщIэ зыхуэтщI ветеранхэ, Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 64-рэ дэкIами, абы хэта дэтхэнэ зыми ар ноби фи нэгу зэрыщIэтым шэч хэлъкъым, абы щыфлъэгъуа гузэвэгъуэмрэ фтелъа гугъуехьымрэ пхужымыIэным хуэдизщ. Сынывохъуэхъу фи махуэ лъапIэ дыдэмкIэ. Илъэс къэс фыкъызэхуэтшэсыфын хуэдэу узыншагъэ быдэ фиIэну си гуапэщ».

АдэкIэ къэпсэлъащ КъБКъУ-м и ветеран зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Чым Юрий. Ар ветеранхэм узыншагъэ быдэ, гукъыдэж яIэну ехъуэхъуа нэужь, университетым и администрацэм фIыщIэ хуищIащ ветеранхэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха къызэрыхуащIым папщIэ. Университетым и артист ныбжьыщIэхэм, пшыхьыр зыгъэдэхахэм захуигъазэу жиIащ: «Нобэ дывгъэгушхуащ, ди гукъыдэжыр къэфIэтащи, фIыщIэ фхудощI. Зауэ фымылъагъуу, фи дунейр дахэу фыпсэуну, дэ дызэрывгъэлъапIэм хуэдэу фи щхьэр лъапIэу дунейм фытетыну сынывохъуэхъу».

КъБКъУ-м и профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщI Къумыкъу Iэуеси псалъэ гуапэ яжриIащ ТекIуэныгъэм щIэзэуа нэхъыжьыфIхэм.

«Университет администрацэм Iэмал зэриIэкIэ дяпэкIи зыфщIэдгъэкъуэнущ, ауэ дэ сыт фхуэдмыщIами, фэ флъэгъуамрэ фызыхэтамрэ елъытауэ ахэр мащIэщ. Илъэс къэс мис мыпхуэдэу гукъыдэж фиIэу, фыузыншэу фыкъызэхуэсыфыну сынывохъуэхъу. Фэ фи лIыгъэр, хахуагъэр зэи мыкIуэдыжын щапхъэщ», - жиIащ Къумыкъум.

Пшыхьым кърихьэлIахэр зэхуэгуапэу, нэжэгужэу зэбгъэдэсащ. Ар университетым и «Амикс», «Каллисто», «Къафэ», «Стимул» гупхэм ягъэдэхащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Хэкури зи пщIэри зыхъумахэр

Тау Жантий и унагъуэм ехъуэхъуащ «Зыуэ щыт Урысей» партым и лIыкIуэхэр.

«Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр 115-нэ шууей дивизэм хэта ветеранхэм мылъкукIэ зэрадэIэпыкъуррэ илъэси 4 мэхъу. 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуууей дивизэр ирикIуащ зауэжьым и гъуэгуанэ кIыхьхэм, Берлин нэсу ар къэзыщтахэми яхэтащ.

СТАЛИНГРАД деж бийр къыщызыгъэувыIахэм ядэзэуа шуудзэм хэта лIыхъужьхэм я бжыгъэм кIуэ пэтми хощI. А зэманым псэемыблэжу зэуа цIыху мини 5,5-м щыщу нобэ республикэм щыпсэужыр цIыху 24-рэ къудейщ. Абыхэм я нэхъыжьым и ныбжьыр илъэс 99-рэ мэхъу. Ар Едыдж Цым Хьэмид и къуэращ, Дзэлыкъуэ районым щопсэу.

ЛIыхъужьхэм ящыщ дэтхэнэми и унэм кIуащ «Зыуэ щыт Урысей» партым и лIыкIуэхэр, жьыщхьэ махуэ хъужа дадэхэр ягъэгушхуащ, ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ ехъуэхъуащ. Налшык щыщхэу Тау Жантийрэ Куэтэншы ТIалэрэ я ныбжьыр илъэс 87-рэ мэхъу.

ГъащIэм и гугъуехь куэдым пэлъэща цIыхухэм уримыпагэн плъэкIыркъым.

ШУРДЫМ Мадинэ.

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм

ПэкIум Тхьэгъэлэдж Тимур къыщопсалъэ.

ЦIыху куэд ажалым къезыгъэлахэм папщIэ

Налшык щыIэ къалэ клиникэ сымаджэщ № 1-м и пщIантIэм дэт Хэку зауэшхуэм хэкIуэда медицинэ лэжьакIуэхэм я фэеплъ сыным и деж накъыгъэм и 8-м щекIуэкIащ ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 64-рэ зэрырикъум хуэгъэпса пэкIу. Фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхьащ, цIыхубэм я щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзытахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

КЪАЛЭ клиникэ сымаджэщ №1-м щылэжьахэм яхэтщ фронтым щыIауэ, сэлэт куэд ажалым къезыгъэлауэ цIыхуих: Коневэ Еленэ, Лопатько Александрэ, Федосеенкэ Аннэ, Падалкэ Валентинэ, Ныр Александр, Романов Сергей. ГуфIэгъуэ зэхыхьэм кърагъэблэгъат а сымаджэщым щIэлъ ветераниплIри. Абыхэм ящыщ зым, Хармац Семен, зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ къыхуащIа гулъытэм папщIэ икIи жиIащ езыр зыхэта 203-нэ фочауэ дивизэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ цIыхуи 180-м къулыкъу зэрыщащIар. Абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжар цIыху 27-щ, иджыпсту псэужыр езым и закъуэщ.

Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Николай махуэ лъапIэмкIэ псоми ехъуэхъуащ, апхуэдэу ветеранхэм фIыщIэ яхуищIащ ди нобэрей дуней дахэм, цIыхубэр фашизмэм зэрыщахъумам папщIэ.

- Медицинэм и лэжьакIуэхэм ди щхьэр фхудогъэщхъ! - жиIащ Афган зауэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур икIи Коневэ Еленэрэ Лопатько Александрэрэ ветеранхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и «ИIэ фIыщIэм папщIэ» медалыр яритащ.

Гукъинэжт «Дыгъэ цIыкIу» сабий садым и гъэсэнхэр нэхъыжьхэм зэрехъуэхъуари. Ахэр ТекIуэныгъэм и махуэм теухуа усэхэм къеджащ.

ХУЖЬ Наталье.

Псом хуэмыдэу гуапэщ щIэблэм я гулъытэр.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩIэблэм ящыгъупщакъым

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ лъэпкъ библиотекэм накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу къыщызэIуахащ сурэтрэ тхылъхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ. Абы псалъащхьэ хуащIащ адыгэ усакIуэ, къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ ЩоджэнцIыкIу Алий зауэм кIуэн и пэ къиихуэу итхауэ щыта усэм щыщ сатыритI: «Мир подвиг наш запомнит на века». ЩоджэнцIыкIум и псэм ищIа хуэдэт Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухыныр.

Гъэлъэгъуэныгъэм къыщагъэсэбэпа усэ тхылъ, очерк, роман, щIэныгъэлIхэм, тхыдэтххэм я лэжьыгъэ псори Хэку зауэшхуэмрэ абы кърикIуахэмрэ ятеухуащ. Абыхэм яхэтщ дзэ унафэщIхэм, къызэрыгуэкI сэлэтхэм ятхыжа гукъэкIыжхэр, нобэрей тхылъеджэхэм, журналистхэм я Iуэху еплъыкIэ щхьэхуэхэр къыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр, картэхэр, сурэтхэр.

Лъэпкъ библиотекэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщI Сэкрэк Заремэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, «Фронтым къикIа иужьрей тхыгъэхэр» томищым щызэхуэхьэсауэ яIэщи, ар, зэрыжаIэу, щIэми жьыми зэIэпах.

- Псом хуэмыдэу ущымыгуфIыкIыу къанэркъым щIалэгъуалэр а тхылъым щыщIэупщIэм деж. Уеблэмэ зы махуэм и кIуэцIкIэ абы куэд къыщыщIэупщIэ къохъури, тхылъу диIэр щытхуримыкъу щыIэщ. Мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэрызэIутхрэ махуэ зыбжанэ хъуауэ арaщи, абы цIыху куэд зэреплъыр ди гуапэ мэхъу. Абы къегъэлъагъуэ къыдэкIуэтей щIэблэм ди нэхъыжьхэр, Хэкум и хуитыныгъэм щIэзэуахэр, ТекIуэныгъэ Иныр къэзыхьахэр, зэращымыгъупщэр. Дэри ахэр а зауэм и хъыбархэм нэхъыбэрэ щыгъуазэ зэрытщIыным яужь дитын хуейщ, - жеIэ Сэкрэкым.

Гъэлъэгъуэныгъэм Iыхьэ щхьэхуэу хэтщ Кавказым зауэ зэрыщекIуэкIар, нэмыцэхэр ди щIыналъэм зэрырахужар. Псори зэхэту тхылъи 150-м нэс стендхэм къытрагъэуващ.

Апхуэдэу накъыгъэм и 9-м ирихьэлIэу еджакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ я зэIущIи библиотекэм щрагъэкIуэкIащ. ЕтIанэгъэ, ТекIуэныгъэр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу, гъэлъэгъуэныгъэ ин дыдэ библиотекэм игъэхьэзырыну и мурадщ.

ДЖЫЛАХЪСТЭН ТIут.

БлэкIа зэманым и щыхьэтхэр

Налшык дэт Лъэпкъ музейм ТекIуэныгъэ Иныр щагъэлъапIэ махуэм ирихьэлIэу къыщызэIуахащ Хэку зауэшхуэм теухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэ.

АБЫ теухуа зэIущIэм къеблэгъат КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан,** республикэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр, нэгъуэщI хьэщIэхэр.

Хэку зауэшхуэм и зэманым траха сурэтхэр, республикэм къыщыдэкI газетхэм къыхэгъэжа тхыгъэхэр, дивизэ щхьэхуэхэм яIыгъа, шэм пхиуда бэракъхэр, сэлэт хьэпшыпхэр щызэхуэхьэсат гъэлъэгъуэныгъэм.

А лъэхъэнэм траха сурэтхэм щытлъагъурт нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Налшык къалэр зэрызэтракъутар, 115-нэ шуууей дивизэр щрагъажьэм зэхэта пэкIур, ди сэлэтхэр Iуащхьэмахуэ зэрыдэкIар, н.къ. Газетхэм къыхэгъэжа тхыгъэхэр теухуащ зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэм, нэмыцэхэр ди щIыпIэм зэрырахужам. Апхуэдэу Хэку зауэшхуэ зэманым Сындыку Анатолий ищIауэ щыта сурэтхэм уагъэлъагъу а зэманым сэлэтхэм я мызакъуэу, къуажэдэс, къалэдэс цIыху мамырхэм ятелъа гугъуехьхэр, зыхэта хьэзабхэр. Къыщыгъэлъэгъуа зэманыр тпэжыжьэми, абы гъунэгъу ухуэзыщI куэд гъэлъэгъуэныгъэм щызэхуэхьэсат.

Музейм и пэшым и зы лъэныкъуэм совет сэлэтхэм я шинель пхыудахэр, каскэ ныкъуэзэгуэудхэр, яIыгъа фочхэр, мыжурэхэр, нэрыплъэхэр, пулеметхэр, къамэхэр, псылъэ улъиижахэр щытлъагъумэ, мыдрей лъэныкъуэмкIэ гъэру яубыда нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къащIэна хьэпшыпхэр телът: сэхэр, лагъымхэр, нэгъуэщI Iэщэ-фащэхэр.

А хьэпшыпхэр зэбгъапщэмэ, гурыIуэгъуэ пщыхъурт хэт сыт хуэдэу зэщIэузэдауэ щытами. Ди совет сэлэтхэм къапэщIэт нэмыцэ зауэлIхэр къызыхуэтыншэу зэрызэщIэузэдар нэрылъагъут. ГъэлъэгъуэныгъэмкIэ жэуап зыхь Емельяновэ Надеждэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, сурэтхэм яхэтщ мы гъэм япэу ягъэлъэгъуэну хуит ящIахэри.

Ветеранхэм сурэт къэс хужаIэн ягъуэту къызэтеувыIэхэрт, нэхъ щIалэIуэхэр абыхэм я хъыбархэм дихьэхыу едаIу эрт, сурэтх эр зэпаплъыхьурэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр мы мазэм и кIэ пщIондэ екIуэкIынущ.

Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэщ

● Юбилей

Узыхэтхэм пщIэ къыпхуащIрэ уузыншэу илъэс 70-м унэсыныр дэтхэнэм и дежкIи фIыгъуэшхуэщ. Апхуэдэ ныбжь дахэм узыншэу, гуныкъуэгъуэншэу, жыджэру ирихьэлIащ Щомахуэ Мухьэмэд Хьэтыкъуэ и къуэр. КъБКъУ-м химиемкIэ и факультетыр япэ дыдэу къэзыуха студентхэм ящыщщ Мухьэмэд. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь, къыхиха IэщIагъэм IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм щрилэжьащ. И дуней тетыкIэ, и цIыху хэтыкIэ дахэмкIэ адрейхэм къахэщ Мухьэмэд сыт хуэдэ гуп хэмыхьами, пщIэ щиIэу, гуащIафIэу яхэтащ.

СЫТ ЩЫГЪУИ спортым дихьэхыу щыта Щомахуэр Налшык къалэ дэт «Кристалл» спорт комплексым щолажьэ иджыпсту.

ГъащIэр зэрызэхэлъыр араши, уи гур щIыхэхъуэн куэди гуныкъуэгъуэ ухэзыдзэ Iуэхугъуи ущрохьэлIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ, блэкIа зэманыр игу къыщигъэкIыжкIэ, зэгуэзыгъэпа цIыхухэри, зрихьэлIа лъэпощхьэпохэри и нэгу къыщIоувэж Щомахуэм. Ауэ а псоми фIыр ебэкIыу псэуащ Мухьэмэд, абы и гур утIыпщауэ, дэрэжэгъуэ иIэу къогъуэгурыкIуэ.

КъызэринэкIа илъэс бжыгъэхэм щриплъэжкIэ, Мухьэмэд къыхигъэщыр и псэукIэнур щызэфIэуваэ къилъытэ студент гъащIэрщ. ЦIыху псоми ягу къинэж а лъэхъэнэ дахэм зи гугъу тщIы тхьэмадэм мыхьэнэ нэхъыбэ щIритым щхьэусыгъуэ иIэщ. Нобэр къыздэсым и унагъуэ къихьэу, и гузэвэгъуэр дагуэшрэ и гуфIэгъуэр даIэту иIэ ныбжьэгъухэр къыдеджахэрщ, абыхэм я бынхэр къуэш пэлъытэ яхуэхъуащ езым и бынхэм, и курсым щIэса хъыджэбзщ щхьэгъусэ хуэхъуауэ нобэр къыздэсым зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу къызыдэгъуэгурыкIуэр.

- КъБКъУ-м химиемкIэ и факультетыр къыщызэIуахагъащIэм къэралым зэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкIырт, инженер IэщIагъэр зэбгъэгъуэтыным пщIэ иIэти, си адэ-анэм я чэнджэщкIэ сыщIэтIысхьауэ щытащ абы, - игу къегъэкIыж Мухьэмэд. - ЖыпIэнуракъэ, цIыху ахъырзэман защIэт абы а илъэсым щызэхуэсар. Зыр зым дэIэпыкъужу дызэдеджащ, ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ.

Илъэс 40 дэкIащ абы лъандэрэ, ауэ нобэ си ныбжьэгъухэм яхэзгъэфIыкIыу сиIэр мис абы щIэсахэрщ. Илъэс къэс дызэ хуозэ, хэт гуфIэгъуэ, гузэвэгъуэ Iуэху иIэми, Iэмал имыIэу дызэрощIэ.

ЦIыху телъыджэ защIэ ныбжьэгъу зыхуэхъуауэ къэзылъытэ Мухьэмэд езыри къызэрыгуэкIкъым. Абы и щхьэгъусэм, и бынхэм, абыхэм я щIэблэм, и Iыхьлыхэм, гъунэгъухэм, ныбжьэгъухэм пщIэуэ къыхуащIым къегъэлъагъуэ ар. «Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэщ», - жиIащ пасэрейм. Мухьэмэд хуэдэхэрауэ къыщIэкIынт а псэлъафэр зытражыIыкIар. Ар цIыху жыджэрщ, акъылыфIэщ, гушыIэрейщ, гуп щыхэсым деж екIуу хъуэхъуэнурэ, уэрэд дахи жиIэфынущ.

- Зи гъащIэр щапхъэу бгъэлъагъуэ хъунухэм ящыщщ си ныбжьэгъур, - къыддогуашэ Мухьэмэд и курсым щIэса и ныбжьэгъу Жэмыхъуэ Чэмал. - Сыт хуэдэ Iуэ ху пщэрылъ щумыщIми, жэуаплыныгъэ пылъу игъэзащIэу, и къалэныр IэпэдэгъэлэлэIэ имыщIу - апхуэдэущ сэ Мухьэмэд зэрысцIыхур. Илъэс 40-м щIигъуауэ дызэныбжьэгъущи, абы сигу щIебгъэн Iуэхугъуэ дэслъэгъуакъым. Ар цIыху псэхьэлэлщ, гуапэщ, губзыгъэщ, адыгэлI нэсщ. И щхьэ Iуэхур япэ иригъэщу зэи плъагъунукъым Щомахуэр. ЦIыхум къыхуищI пщIэм хуэпэжу, ар зэи щымыгъупщэу апхуэдэщ. Ар къыддалъэгъуарэт, нэхъыбэрэ дыIущIарэт жызымыIэ къыттэткъым дэ.

Унагъуэ дахэ зи щIыбагъ къыдэт цIыхурщ насыпыфIэр. Адэ-анэм я щхьэр лъагэу езыгъэIэтыр я бынхэрщ, абыхэм я ехъулIэныгъэрщ. Мухьэмэд и къуитIымрэ и пхъумрэ зрагъэгъуэта IэщIагъэм иролажьэ, дэтхэнэми езым и жьэгу пащхьэ зэригъэпэщыжауэ дахэу мэпсэу. ЩIалэхэр хуабжьу спортым дихьэхыу зэрыщытар игу къегъэкIыж Мухьэмэд. Абыхэм урысей, дунейпсо зэпеуэ хэм пашэныгъэхэр къызэрыщахьауэ щытам ирогушхуэ.

Иджы и жьыщхьэр махуэ щызыщIыр къуэрылъхухэмрэ пхъурылъхухэмрэщ. ДяпэкIи и гукъыдэжым хэмыщIу, и щIэблэм я гуфIэгъуэ илъагъу зэпыту псэуну ди гуапэщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Накъыгъэм и 9-м и щIыхькIэ

Накъыгъэм и 9-м Налшык ипподромым щекIуэкIащ зи чэзу шыгъажэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, шыхэмрэ шуууейхэмрэ щIэбэнащ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм и цIэкIэ ягъэува саугъэтхэм.

ШЫГЪАЖЭ махуэр къызэIуахащ илъэсиплI нэхърэ нэхъыжь шыхэм я зэпеуэмкIэ. Метр 1800-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм ахэр щыщIэбэнащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я цIэкIэ ягъэува саугъэтым. Ар къылъысащ Налшык шы-спорт школым и гъэсэн Ало Эдуард къигъэжа Валентино Скай шым.

Саугъэт нэхъ лъапIэ дыдэр, ТекIуэныгъэм и махуэм и щIыхькIэ ягъэувар, къихьащ Фырэ Руслан и Ланшам унагъуэшым. Ар къигъэжащ мастер-шуууей Хьэмыз Къазбэч.

Махуэшхуэм хухаха саугъэтхэм ящыщу къэнэжаитIри къалъысащ Налшык шыспорт школым и гъэсэнхэм. Апхуэдэу метр 1400-рэ гъуэгуанэр зэпызычахэм я деж Тылым щылэжьахэм я саугъэтыр къыщихьащ Бабай шым. Абы тесащ мастер-шуууей Хьэмыз Къазбэч. 115-нэ шуууей дивизэм и саугъэтыр илъэсиплI зи ныбжь шыхэм къафIихьащ мастер-шуууей Ало Эдуард къигъэжа Проспект шым.

Шыгъажэ махуэр зэхуащIыжащ Бахъсэн къалэм и ветеранхэм я цIэкIэ ягъэува саугъэтымкIэ. Абы щIэбэнащ япэ дыдэу шыгъажэ гъуэгуанэм теувэ, илъэситI зи ныбжь шыхэр. Псом япэ метр 1000-р къызэпичащ Балъкъ шы заводым и гъэсэн, Бышэн Азэмэт къигъэжа Наллэ Ариэллэ шым.

КъыкIэлъыкIуэ шыгъажэр Налшык ипподромым щызэхэтынущ накъыгъэм и 24-м. А махуэм щIэбэнынущ «Спринтерский», «Фанты» саугъэтхэм.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Шыгъажэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зэгъусэу дывгъэхъумэ

● УнафэщIым и псалъэ

ПщIэ зыхуащIу республикэм и цIыхухэ, предприятэ, организацэ лIэужьыгъуэ псоми я унафэщIхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэзхэр кIэлъыплъыныгъэм щIэту яхъумэхэм, зэрахьэхэм ящыщщ. Абы дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ щIыуэпсымрэ я щытыкIэр, дызыхуей псыIагъэр къызэрегъэпэщ, узыншагъэр хъумэным, егъэфIэкIуэным, экологием пыщIа нэгъуэщI къалэн куэд егъэзащIэ.

Республикэм мэзылъэм щиубыдыр процент 15,2-рэ къудейщ. Абы къыхэкIыу, ар зезыхьэхэм я къалэн нэхъыщхьэр мэзхэр мафIэсхэм ящыхъумэнырщ. Ар къызэрагъэпэщ мэзхэм я биологие щытыкIэмрэ щIыналъэр зыхуэдэмрэ къалъытауэ. А лэжьыгъэм хохьэ къызэгъэпэщыныгъэ, техникэ, правовой Iуэхугъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Мэзым мафIэс къыщыхъуныр куэдым елъытащ. Абыхэм ящыщщ жыгыр лIэужьыгъуэкIэ зыхуэдэр, къыщыкI щIыпIэр зыхуэзэр, транспорт гъуэгухэм я щытыкIэр, мэзым кIуэ цIыхухэр зэрымысакъыр, мафIэсым зэрыпэщIэт Iэмалхэр зэрагъэзащIэр.

МафIэс къэхъункIэ нэхъ шынагъуэ зыпылъ лъэхъэнэр мэлыжьыхь-щэкIуэгъуэ мазэхэм хуозэ. Мэз мафIэсу 10-м щыщу 8-р цIыхум и Iэужьщ. ЯмыгъэункIыфIа сенычым, тутыным, лулэм и сахуэм, губгъуэ мафIэм, автомашинэ, мафIэгу щхьэгъубжэхэм къыдадз кIэфым, автомашинэ, трактор глушителхэм я хъуаскIэхэм, мэзым пэгъунэгъуу лыгъэ зыщIадзэ мэкъумэш щIапIэхэм мафIэс къашэнкIэ хъунущ.

МафIэсыр мэзым и бий нэхъ шынагъуэ дыдэщ: ягъэхьэзыра пхъащхьэхэр, лъэмыжхэр, псэуалъэхэр хесхьэ, Iисраф ещI псэущхьэхэр, къуалэбзухэр, язынықъуэхэм дежи цIыхухэр хокIуадэ. Мэзхэм хэщIыху, псы ежэххэр мэкIуэщI, мэзылъэхэм щыщ Iыхьэхэр шэдылъэ мэхъу, бгыхэр кърилъэсэхыу хуожьэ. Лыгъэм цIыхубэм я къулеягъэр хесхьэ, зыгъэпсэхупIэ, зыплъыхьыпIэ щIыпIэ гъуэзэджэхэр Iисраф ещI.

МафIэсхэм щыхуэсакъын хуей лъэхъэнэр къызэрысам къыхэкIыу, республикэм и цIыху псоми лъэIукIэ захудогъазэ:

Ящыфхъумэ мэзыр ма- фIэм!

Дыхуэмысакъмэ, мафIэс къэхъуным хуэIуа щыIэкъым. Псом хуэмыдэжу дэтхэнэ зыри мэзым щысакъыпхъэщ икIи лыгъэ е Iугъуэ къэзыщI щIыпIэ ухуэзэмэ, ар Iэмал имыIэу гъэункIыфIын хуейщ. Хэти и къалэнщ апхуэдэ шынагъуэ ирихьэлIэмэ, мэз хозяйствэм и IуэхущIапIэм, милицэм, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм, республикэм къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ и щIыналъэ къудамэм, мафIэсым пэщIэт IэнатIэу жылагъуэхэм щыIэхэм сыт хуэдэ щIыкIэкIи хъыбар ирагъэщIэну.

Абы къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым 74-05-06, 74-20-45, 74-07-66 телефонхэмкIэ занщIэу зыпыфщIэ е 8-905-436-75-31 номерымкIэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэм фепсалъэ хъунущ.

Республикэм и цIыху пщIэ зыхуащIхэ!

Мэзхэр мафIэсхэм ящыхъумэным хуэгъэзауэ фыкъыддэлэжьэну псори фыкъыхудоджэ. Зыхуэдэ щымыIэ ди мэзхэр щIэблэм щахуэтхъумэфынур а Iуэхум зэгъусэу дегугъумэщ.

МЭШЫКЪУЭ Хьэсэнбий,
КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Президентым къыбгъэдэкІыу - Правительствэм

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Накьыгъэм и кІэухым - мэкъуаугъэм и пщІэдэм дунейм кьытехьнущ УФ-м и Президентым бюджетым теухуауэ Правительствэм зэрызыхуигъэзэнр. Иджы яту , Медведев Дмитрий абы Правительствэм и пащхьэм кьыщеджэнущ.

Бюджетым теухуауэ Правительствэм зэрызыхуигъэзэр Президентым Федеральнэ Зэхэсым Зэрызыхуигъэзэм кьыпызыщІу кьэпытыт хъунущ, ауэ ар экономикэ политикэм нэхъ тегъэщІауэ щытщ. Арщхьэкіэ, пэжщ, абы и мыхьэнэр нэхъ лъахьшэу кьалытэ. Армырамэ, министрхэм я кабинетыр зэрыпІэкьэнур зыубгыкьу экономикэ унэтІыныгъэхэр иджыри кьэс занщІэу Федеральнэ Зэхэсым и пратынтэхьым. Президентым теуХуауэ Правительствэм зэрызыхуигъазэм и мыхьэнэр кьиІэтыну мурад ищІащ Медведевым.

Экономикэ зэІущІэр гъэхъэзырыным теухуауэ тхьэмахуэ блэкІам зыхуэза министрхэм къарал Іыщхьэм яжриІащ дэфтэрыр хэІущІыІу зэращІ щыкІэм зригъэхъуэжыну зэрыхущІэкъур: «Сыхуейщ а Зыхуэгъэзэныгъэр Правительствэм и Президиумым зэхихыну, икІи абы сэ сыкьеджэнущ».

Бюджет кодексым кьыхэригъэувымкІэ, Федеральнэ Зэхэсым а Зыхуэгъэзэныгъэр и пащхьэ иралъхьэн хуейщ кьыкІэлъыкІуэ финансмкІэ лъэхэнэм и пэ кьихуэ гъатхэпэ мазэм. Арщхьэкіэ, дунейпсо финанс кризисыр абыи хэІэзэщІыхьащ.

Медведевыр Правительствэм и пащхьэм кьыщыщІэсэлъэну махуэр иджыри трауухуакьым. Дэфтэрым елэжьныр накьыгъэм икуэм зэфІэкІыну Кремлыр щогугъ. Абы кьыхэкІыу, ди къэралым мыгувэу кьыпэщыль ІуэхугъуэшхуитІым (Урысей-Евросоюз саммитымрэ Петербург экономикэ зэІущІэмрэ) я зэхуакум кьриубыдэу, нэгъуэщІу жьыпІэмэ, накьыгъэм и кІэухым - мэкъуаугъэм и пэщІэдэм, ар дунейм кьытехьну упэплъэ хъунущ.

Президентымрэ премьер-министрымрэ зи пашэ кьулыкъущІэ гуп лъэщ иджпсэу зэрыгъэхьэжьыр Урысей Федерацэм щолажьэ. Абы кьыхэкІыу, къэралым и Лыщхьэр министрхэм я кабинетым и лэжьыгъэм хэІэбащэркьым, ауэ Іуэхугъуэшхуэхэр я пащхьэ ирагъэувэну хуитынкІэр кьыхьыхуетІэнкІэ. Араш Медведев Дмитрий Правительствэм и Президиумым и пащхьэм бюджетым теухуа дэфтэрыр ирилъхьну зыщІигъэхъэзырыр. Президентыр Унэ хужьым кьыщыщыпсалъэ дакьикьхэхэм ирихьэлІэу а дэфтэрыр Къэрал Думэм Іэрагъэхьэнущ, кьыкІэлъыкІуэ щыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм градзэну иратынущ.

БЕЛОВ Сергей.
«Российская газета».

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къытхэхъуэр мащІэщ, тхэщІыр куэдщ

● Демографие

ООН-м кьыззэритымкІэ, зызыужьа къэралхэм щыпсэу цыхухэм я бжыгъэм хэщІ зэпытурэ нужьрей ильэсипщІхэм йокІуэкІ. Щытыкіэр щыщІагъэкъым Урысей Федерацэм. А Іуэхугъуэм тригъэпсэлъыхьыну «Эхо» журналым и корреспондентым зыжиІэзэщ РАЕН-м Экономикэмкіэ и ежаніэ нэхъыщхьэ Демографиемкіэ и институтым и унафэщІ Вишневский Анатолий.

- Хьунумэ, кьыщыщІэдгъадзэ урысей демографием и щытыкІэм.

- Абы уэзыщыгуфІыкІын хэлъкьым: лІэр куэдщ, кьалъхур мащІэщ. 1993 - 2008 гъэхэм я зэхуакум кьриубыдэ лъэхъэнэм Урысей Федерацэм щыпсэуэм я куэдгьым цыхьу мелуани 6,7-рэ кІэрыхуащ. Иужьрей илъэситІым Іуэхум фы и лъэныкьуэкІэ зигъэзащІ жьпІэ хьунущ. Аршхьэкіэ абы и пэ ит лъэхъэнэм кьэдыІуэ зэрытхэщІар зыхыуымыщІэнкІэ Іэмал иІэкьым. Нэхьапэмэ хуэдэу, зызыужьа къэралхэм я деж Урысейм лІэныгъэмкіэ япэ увыпІэр щиІыгъщ. Уеблэмэ Азиемрэ Африкэмрэ я къэралхэ куэди абыкІэ кьытлъэщІыхьэркьым.

**- Сыт-тІэ плІыщым щІигъуэуэ гу-лыхнтхуэ узыфэхэм я зэранфэцІыкІу куэд дыдэ пасэу дунейм ихьэжьк. Ди медицинэм я узыфэхэм япэщІэтыным техуауэ и зэфІэкІыр нэхъ лъагэу щытамэ, щытыкІэм фы и лъэныкьуэкІэ зихьу зжынут. Апхуэдэу цыхуу куэд дыдэ хокІуэдэ насыпыщагъэ, кьэхъуькьащІэ зэхуэмыдэхэм, я ныкьуэдыкьуагъэм ихьыжхэрэ, яхІхэрэ, зызыукІыжхэрэ мащІэкъым. Зи гугъу сщІа ІуэхугъуитІми я щІыбагъ кьыдэтыр зыщ – куэд щІауэ ди бий, лъэпкъым и лъабжьэр щІэзыІыгъэсыкІ фадэрщ. А мыгъуагъэхэм дапэльэщамэ, лІэхэм я куэдагъри хэпщІыкІыу нэхъ мащІэ хьунут.

ИпэжьпІэкІэ жьпІэмэ, нэхъыбэм щыхур фадэм езыкулІэр псэуфІэ мыхъумыщІэрщ. Кьапщтэмэ, нужьрей ильэсхэм КьуэкІыпІэ Европэмрэ Прибалтикэмрэ нэрылъагъу лІэныгъэм щыкІэрыхуащ. Ар зи фІыгъэр, дауи, я псэукІэр зэрефІэкІырщ.

- Иху иту Урысейм гъашІэм щикІыхьагъыр дапхуэдиз? ЗэрысщІэмкІэ, абыкІи кьухъэпІэ къэралхэм куэдкІэ дакьыкІэрокІу.

- 2007 гъэм ирагъэкІуэкІа къэхэутэныгъэхэр щыхьэт зэрытекІуэ зэмкІэ, Урысейм, ику иту цыхьухъэхэр ильэс 61,4-кІэ, цыхьубзхэр – 73,9-кІэ щопсэу. Ди къэралымрэ Европэмрэ я цыхухэм ику иту кьагъащІэр кІуэ пэтми нэхъыбэкІэ зэщхьэщокІ. ХьшІ гъэхэм яхуэм ар ильэсри 3 - 5 хуэуэ арат. Иджы Америкэм и Штат Зэгуэтхэм ильэс 14-кІэ, Франджым - 16-кІэ, Японием 18-кІэ дакьыкІэроку.

- Іэпхьуэшапхьуэхэм зтеуХуауэ сыт кьыщжеПІэфыну?

- Іэпхьуэшапхьуэм фІыи Іеи хэпльщ. Урысейм щыпсэуэм и бжыгъэм хэщІ щІэмыхьуным и щхьэусыгъуэр псоми кьагурыІуэ си гугъэщ. Араущ, кьалъхуэгъэ щымащІэкІэ, кьэІэпхьуэхэмкІэ иригъэкъуэжьи хуейщ. Ауэ мыбдежьым зэгурымыІуэжэр ку зэ мэхъу. Хэтт жеІэ кьэІэпхьуэну Іэмал зэтын хуейр нэгъуэщІ кьэралкьым ещІэкІыжьыну ди хэкуэгъуэрауэ. АбыхэмкІэ Урысейм и цыхуу бжыгъэр пхуригъэкъужьыныкъым.

Азиемрэ Африкэмрэ я къэралыгъуэхэм щыпсэу куэдым иджыпсту Европэр, Урысейри хэту, я пльапІэщ. Ахэр кьежьэмэ, къэхьунум ущІэмыупщІэ!

ХэкІыпІэр Іэпхьуэшапхьуэхэр кьэралым и фейдэ хэлъу кьэтэсэфэныбгъэщ. Урысей Федерацэр псэупІэ зыщІ дэтхэнэ зыри абы и зэхэтыкІэм хэззгъэн, жылагъуэм хущІэхьэпэн хуейщ.

- Къэралым щыпсэу льэпкьхэм я псэукІэр абы ихьуэжынукъэ?

- Щэч хэмылъу. Апхуэдэу кьыщыхьакІэщ Америкэмрэ Франджымрэ. Зихьу жкащ дуней псом и льэпкъ зэхэтыкІэм. Ар ильэсищ и пэкІэ зэрыщытам хуэдэжкъым. Хэт и гугъэнт, кьапщтэмэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я президенту зи фэр фІыцІэ цыхуу щыхахьну?! Езы американецхэмкІ жаІэ ильэс тІощІ и пэкІэ апхуэдэ я гущхьэм кьэкІыу зэрыщымытар.

Китаймрэ Азием и адрей кьэралхэмрэ я цыхуэхэр Урысейм куэду кьэІэпхьуэфынущ. ООН-м зэрызыигъэфащэмкІэ, мы лІэщІыгъуэм икуэм Азием щыпсэур цыхуу мелярди 5-м зэрынэхьэсынущ. Дауи, абыхэм я ящыщ куэд цыхуу мащІэ фІэкІа щымыпсэуэж щыналъэ гъунэнщхэхэр зыІыгъ Урысейм къЭпхьу энущ.

- Дунейпсо экономикэ кризисыр демографием зэран хуэхъуфынуу? Кьапщтэмэ, Урысей Федерацэм кьыщальхуэхэм я бжыгъэм хигъэщІыфынуу?

- Экономикэ кризисым нэхърэ дунейпсо демографие кризисыр нэхъ лъэщІ, кІыхьщ икІи шынагъущ. Абы цыхуэхэм я хьэл-щэным зригъэхуэжьыфынущ. Кризисым сабий кьалъхур пІалъэкІэ игъэмэщІэфынущ, ауэ игъэкІуэдыжьфынукъым.

НэгъуэщІ Іуэхущ 90 гъэхэм кьалъхуахэм иджы лъхуэнПІэн зэрыщІадзэр. Ар, лъэхъэнэр сыт и лъэныкьуэкІи гугъуащ, цыхуу кьытхэхъуар мащІэщ.

- Кьалъхуэхэм я бжыгъэм дуней псом щыкІэрыхуакъэ?

- НтІэ. Кьалъхуэхэм я бжыгъэр хэпльщкІыу нэхъ мащІэ щыхъащ европэ кьэралхэмэ. Сабий бжыгъэм щыкІэрыхуащ, уеблэмэ Китаймрэ Иранмрэ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, дэни, Африкэм фІэкІа кьэмынэ у.

- Цыхуэхэм я псэукІэмрэ кьалъхуэм и куэдагъыкІэмрэ зэпэщІ?

- ПсэукІэм и мызакъуэу, дуней тетыкІэми ар епхащ. Кьалъхуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зыщІыр цыхухэм я кьулейсызыгъракьым, атІэ, нэгъуэщІ - жылагъуэм зэрызиужьырыщ. Щапхьэу кьэтщІэнэщ цыху мелардым щІигъу щІэнэсу Индиер. Абы псэукІэрэ цыщІагъу экьым, цыхуэхэми щэныгъэщхэу щабгъэдэлъхьым. А псом ищІыужкІэ, ящхьэхэсыр щыкуэдщ - абыхэм зэм бын я ящыщкьым.

- Ди дежи кьуажэдэсхэм кьыщалъхур нэхъыбэ?

- Урысейм дэнэ щыІэм кьыщалъхур мащІэщ.

- Куэд кьалъхуныр фІытІэ? Дунейм, армырами, щыпсэуэр хуэгъэщхэжьыф кьудейщ.

- А Іуэхугъуэр дэни щызэхуэдэмэ, нэхъыфІщ. Армырамэ, зызыужьа къэралхэм кьыщалъхухэм щыкІэрэ у, адрейхэм щыхохьуэ.

- Нэхъыбэ кьалъхун папщІэ ззрытрагъэгушхуэ Іэмалхэм ехьулІэныгъэ яІэ?

- 2007-2008 гъэхэм ди къэралым кьыщалъхуахэм я бжыгъэм зэрыхэхьуар анэ капиталым кьыпэкІуэ мылькум и фІыгъэу куэдым кьалытэ. Абы уриздауэ хьунущ. Иджыпсту а упщІэм жуаІ ептыныр нэхъ гугъуж хъущ. Кьалъхухэм я бжыгъэм кІэрыхун щІидзэжкъ, кризисым тралъхьэнщи, зэфІэкІащ.

Франджымы зыкъом щІэуэ сабий кьалъхуным щытрагъэгушхуэ, екъулІэныгъэ гуэркэрги щІэ? хуэдэщ. Ауэ, кьапщтэмэ, Инджылызым демографие политикэ щрагъэкІуэкІыххэркъым. Абы щхьэкІэ кьэмынэу ку зэ кьыщалъхуэ.

Зызыужьа къэралыгъуэхэм яшышу цІыху кьахэхъуэмкІэ япэ увыпІэр зыбыгъ Америкэм и Штат Зэгуэтхэрщ. Ауэ абыи демографие политикэ хэха щрагъэкІуэкІыркъым. Мыбдежьм, дауи, кьыхэзгъщын хуейщ США-м куэд кьызэрыщалъхур испаныбзэ зыІурылъ льэпкъхэм зэрафІыгъэр. Германием хуабжь у гугъу зригъэхь пэтми, и Іуэхум зыри кьикІыркъым. Араущ, правительствэхэм зэрытрагъэгушхуэ Іэмалхэмрэ кьалъхухэм я бжыгъэм хэхъуэнмрэ зэпыщІэныгъэ бидэ яІэу схужьІэнукъым.

- Кьалъхухэм я бжыгъэм хэхъуэныр дуней псом кьыщыщІэтеувыІэнур дапщэщ?

- ЕтІуанэ дунейпсо зауэр иуха нэужь, кьалъхухэм я бжыгъэм хэхъуэу щІидзащ. Абы кьишащ мелард 1,6-м икІыу нобэ ЩІым щыпсэур хуэдиплІкІэ нэхьыбэ хьуныр. Ар кьыщыІэтеувыІэну хуагъэфащэ мы лІэщІыгъу эмкІэхэм. Абыи уикьлэ кьалъхухэмрэ лІэхэмрэ я бжыгъэр зэхуэжьэжьынущ, 2050 гъэм и уэкьІэ дунейм щыпсэухэм зэпІэзэрыгъныгъэ ягъуэтыну языныкьуэ ІэщІагъэлІкъэм жаІэ, ауэ, сэ сыз эрягугъэмкІэ, кьалъхухэм я бжыгъэм кІэрыхунущ. Ар къэхъуамэ, фІыт. Сыту жьпІэмэ 2050 гъэм ирихьэлІэу дунейм щыпсэуэр, ар гущІыхьэщ. НэгъуэщІу укъыщепІльмэ, нэхьапэм ягъэІуа гуэркьеигъуэ хъыбархэм мыр йофІэкІ.

Епсэлъар
ЩЕГЛОВЭ Екатеринэщ.
«Эхо планеты».

Гу зылыплъапхэ:

ООН-м зэрызыигъэфащэмкІэ, дунейм щыпсэу цыхуу бжыгъэм дяпэкІи хэхъуэнущ, къэралыгъуэ ІэщІагъэлІкІэ я фІыгъэкІэ. Иджыпстуи пэрытхэщ Афганистанэр, Нигериер, Сомалиер. Абыхэм щыпсэу дэтхэнэ зы цыхуэм, ику иту бынитІ ильэс 2050 гъэм ирихьэлІэу дунейм и ящыщ. Ауэ ари ипсалъэ макъыншэ хъуакъым. Белоруссием и президент Лукашенкэ Александр абы хэтыну Прагэ зэрырагъэблагъэу, Чехием и унафэщІ Клаус Вацлав жиІащ Минск къикІыну «ХьэщІэ лъапІэм» сэлам зэрыримыхынур. «Европэм и иужьрей диктаторым» Іуэхум куу зримыгъэщІын щхьэкІэ, и апэ вице-премьер-рыр зэхуэсым игъэкІуащ. Молдовэми апхуэдэ дыдэу ищІэну и мурадщ. Украинэм нэгъуэщІ бгъэдыхьэкІэ иІэщ - президентым премьер-министрми зэІущІэм кІуэну загъэхьэзыр.

«КъуэкІыпІэ ныбжьэгъуэхэр» Брюссель къызэрыхиха щыкІэри хьэлэмэтщ. Белоруссиемрэ Армениемрэ къищынэмыщІа, абы хьыхащ ГУАМ-м (Грузие, Украинэ, Азербайджан, Молдовэ) хэт къэралыгъуэхэр. А зэгухьэныгъэм кьалэн нэхъыщхьэу Вашингтон яхуигъэувар Урысейм пэщІэувэ гъэзугуэнкІэ Каспий тенджызым и хъугъуэфІыгъэхэр, псом хуэмыдэу щыдгъэзар, Европэм Іэрыгъэхьэнырщ. Европсоюзыр иджы абыкІэ щІэгъэкъуэн хъууэ фэ тетщ. Арагъэнущ Кавказ Адрыщыпхъэ и щыщхьэІум къыщыхъуа зэрыхьэзрийм и уэкьІэ хуэмыдэу щыдгъэзар, Европэм Іэрыгъэхьэнырщ. Европсоюзыр иджы абыкІэ щІэгъэкъуэн хъууэ фэ тетщ. Арагъэнущ Кавказ Адрыщыпхъэ и щыщхьэІум къыщыхъуа зэрыхьэзрийм и уэкьІэ «КъуэкІыпІэ зэдэлэжьэныгъэм» ехьэлІа Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьын щыщІадзар. Гупсысэ нэхъыщхьэр – Урысейм кьыпекІуэкІ «Ипщэ транспорт дэкІыпІэ» къызэгъэпэщыжрщ. Абы кьыхэкІыу, дауи, ди къэралыр абы кІэлъопІъ, Іуэхур зэрекІуэкІ-

● ЩІэ

Унэ нэхъ лъагэ дыдэр Эмиратхэм щаухуэ

Дунейм и унэ нэхъ ин дыдэр Хьэрым Эмират Зэгуэтхэм щаухуэ. Абы километрым нэблагъэ и лъагагъыныщ.

Buri Dubai унэ лъагэр зыухуэ Emaar Properties компанием и лІыкІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, абы доллар мелард т екІуэдэнущ икІи мы илъэсым и фокІадэм ар ухуэн яухынущ.

Иджыпсту ухуакІуэхэм метр 780-рэ зэтрагъэхьащ. Ар къатри 160-рэ мэхъу. Лэжьыгъэм и гуащІэгъуэ икІи бжьыхьэм ирихьэлІэу унэм и лъагагъыр километрым нэсыну ІэщагъэлІхэм хуагъэфащэ. ИтІанэ ар Останкинэ чэщанэм хуэдитІкІэ щхьэщыкІынущ.

Чэщанэм Armani фирмэм и отелымрэ хэщІапІэхэмрэ щыІэнущ. Абыхэм ебгъуанэ - епщыкІухэнэ кьатхэр яубыдынущ. Нэхъ ищхьэкІэ псэупІэу щытынущ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, метр зэбгъуэзнатІэ 60 - 85 зи инагъ фэтэрым доллар мелуанищым щегъэжьауэ тхум нэблагъэ и уасэнущ.

Buri Dubai унэ лъагэр кьыщыщІэхуэхьэ ирихьэлІэу Эмират Зэгуэтхэм я кьалащхьэ Дубаи япэ дыдэу метрэ кьыщыщІэуэхынущ. Абы къэвыІэпІэ 70 иІэнущ.

Дубаи щаухуэ унэр дунейм щынэхъ лъагэ дыдэу щытынущ. Нэхъапэм ТепщэнгыпІэр зыІыгъар KVL Y-TV америкэ телевиденэм и чэщанэрщ. Абы метр 628-кІэ зиІэтащ.

«Эхо планеты».

● Зэдэлэжьэныгъэ

Апхуэдэ гъунэгъуэхэр уиІэу, бий къыщІэплъыхьуэн щыІэ?

Украинэм, Куржым, Азербайджаным, Молдовэм, Армением, Белоруссием ехьэлІа «КъуэкІыпІэ зэдэлэжьэныгъэ» программэм щыхэплъащ Европсоюзым и зэІущІэу Прагэ щекІуэкІам.

Абы ипкъ иткІэ, Европсоюзым ди гъунэгъу къэралыгъуэщІэхэм зэпыщІэныгъэ кууэр яхуиІэну и мурадщ. Дауи, ахъшэншэу Іуэхур зэфІэкІыркъым. Зи гугъу тщІа хэм 2013 гъэ пщІондэ еврэ мелуан 600-кІэ защІигъэкІуэнущ.

Мэкъуэ а Іуэхур игъэдэхакъым. Урысей Федерацэм къэрал щыІэ ІуэхуэхмкІэ и министр Лавров Сергей яриІуэкІащ: «КъуэкІыпІэ зэдэлэжьэныгъэр» Урысейм пэщІэувэ гуп мыхъуну Брюссель кьыІукІ хьыбархэр зэхьдох. Ар ди фІэщ тщІыну дыхуэйт».

Ди политикэм хьэгъэщагъэ зэрахьэну яфІэфІу къэзыльытэхэм жэуап кьратыфыркъым, Урысейм и нэщІыбагъкІэ, абы и гъунэгъу къэралыгъуэхэр Европсоюзым щыщІэгуигъэхьэмкІэ щеупщІкІэ. Пэжщ, мы Іуэхум щынагъуэ гъэри хэмылъ хэдэу щытщ. Уеблэмэ ахэр зэкІэ НАТО-м зэрыхамыгъэхьэм кьыхэкІыу я жагъуэ ямыщІын папщІэ мыльку щхьэщатыкІыуи кьышцохьу. Хуиту сату зэдащІыныр виззнэшэу зэкІэльыкІуэнри абы хохьэ.

«КъуэкІыпІэ зэдэлэжьэныгъэр» Іэтауэ къыз эІуэлъэныгъэуэ итщ. Ауэ ари ипсалъэ макъыншэ хъуакъым. Белоруссием и президент Лукашенкэ Александр абы хэтыну Прагэ зэрырагъэблагъэу, Чехием и унафэщІ Клаус Вацлав жиІащ Минск къикІыну «ХьэщІэ лъапІэм» сэлам зэрыримыхынур. «Европэм и иужьрей диктаторым» Іуэхум куу зримыгъэщІын щхьэкІэ, и апэ вице-премьер-рыр зэхуэсым игъэкІуащ. Молдовэми апхуэдэ дыдэу ищІэну и мурадщ. Украинэм нэгъуэщІ бгъэдыхьэкІэ иІэщ - президентым премьер-министрми зэІущІэм кІуэну загъэхьэзыр.

«КъуэкІыпІэ ныбжьэгъуэхэр» Брюссель къызэрыхиха щыкІэри хьэлэмэтщ. Белоруссиемрэ Армениемрэ къищынэмыщІа, абы хьыхащ ГУАМ-м (Грузие, Украинэ, Азербайджан, Молдовэ) хэт къэралыгъуэхэр. А зэгухьэныгъэм кьалэн нэхъыщхьэу Вашингтон яхуигъэувар Урысейм пэщІэувэ гъэзугуэнкІэ Каспий тенджызым и хъугъуэфІыгъэхэр, псом хуэмыдэу щыдгъэзар, Европэм Іэрыгъэхьэнырщ. Европсоюзыр иджы абыкІэ щІэгъэкъуэн хъууэ фэ тетщ. Арагъэнущ Кавказ Адрыщыпхъэ и щыщхьэІум къыщыхъуа зэрыхьэзрийм и уэкьІэ «КъуэкІыпІэ зэдэлэжьэныгъэм» ехьэлІа Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьын щыщІадзар. Гупсысэ нэхъыщхьэр – Урысейм кьыпекІуэкІ «Ипщэ транспорт дэкІыпІэ» къызэгъэпэщыжрщ. Абы кьыхэкІыу, дауи, ди къэралыр абы кІэлъопІъ, Іуэхур зэрекІуэкІ-

● Лъэпкъ Іуэху

Хабзэр и лъабжьэу, урысыбзэр ирагъэкІуэтэкІ

Украинэм и премьер-министр Тимошенк э Юлие газ Іуэхуэхмкіэ зэгурыІуэныгъэщІэр пхигъэкІыу Мэскуу щыІэхуэкІэ, урысыбзэм ирашыІыІа зауэм зезыгъэубгъу хабзэубзыху жэрдэм абы парламентым щІэ фракцэм кьыхильъхьащ.

ХАБЗЭУБЗЫУ жэрдэмым «Къэралыбзэм зегъэужьынымкІэ унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэр» фІащащ. Украинэм и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Яворивский Владимир зи пашэ, парламентым щэнхабзэмкІэ и комитетыр абы арэзы техуанкІэ. АдэкІэ Радэ Нэхъыщхьэр хэпльэн хуейщ.

Дэфтэрым и гупсысэ нэхъыщхьэр «Урысыбзэр зэман кІыхькІэ империем и бзэу щытащ икІи нобэми дэнэ щІыпІи зыубгъуауэ кьыщагъэсэбэп». Парламентыр абыкІэ зэрыгъэхьэмэ, украиныбзэр къэралыбзэу щытыным кьищтэн хуейщ. Араущ, урысыбзэр зьуэмэни, зегъэубгъуным теухуауэ псалъэмакъ къэзыІэтхэр абы и ужькІэ уголовнэ жэуапым ирашэлІэну хуит хьунущ.

Сабий гъэсапІэ, еджапІэ псори дяпэкІэ Іэмал имыІэу украиныбзэкІэ псэупхьи, тхэн хуейуэ кьагъэзыув. Цыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэри а хабзэм тетыпхьэщ. Абы щыгъуэми, зыри игъэІейтеркъым. Украинэм я газетхэмрэ журналхэмрэ я процент 56-м щегъэжьауэ 70-м нэсыр у р ы с ы б з э к І э кьыззэрыдэкІым икІи, Іуэхур зи гугъу тщІа хабзэм хуэкІуэмэ, ахэр итІанэ зэхуэщІыжьын е украиныбзэм жэгъэкІу эн зэрыхуейм. Къапщтэмэ, «Известия» газетыр «Висти» хьунущ.

«Къэралыбзэм зегъэужьныкІэ унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэр хабзэубзыху жэрдэмыр тІысу зы махуэм зэхэлъхьауэ аракъым. ЩэнхабзэмкІэ министерствэм кьызэригъэпэща комиссэ щхьэхуэр ильэситху хьуауэ абы йолэжь. АдэкІэ Іуэхур зэльытар Радэ Нэхъыщхьэм и депутатхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэрщ.

СОК ОЛОВСКАЯ Янинэ.

Германием и ZDF телеканалым иригъэкІуэкІ «Канцлеру сыщытыфынур» зэпеуэм хэтыну цІыху мин 25-м зрагъэтхащ.

● Зэпеуэ

Канцлерым и мазэ улахуэр саугъэту

«Тхьэусыхэу щымысу, сабийхэр пІын, еджапІэхэр ухуэн, бэнэныгъэ егъэкІуэкІын» - апхуэдэ кьыхуеджэныгъэм щІэтщ зэпеуэр. 2009 гъэм фокІадэм и 27-м екІуэкІыну канцлер хэхыныгъэхэм и пэ кьихуэу а Іуэхугъуэр зэхаублащ.

Мэлыжьыхьым щыІа къызэрыхах зэпеуэм пхыкІри, финалым цІыху 40 кІуащ. Абыхэм я ныбжьыр илъэс 18-м щегъэжьауэ 35-м нос. Ар и щыхэтщ щІалэгъуалэм я жьыджэрагъымрэ ящэ зэрыгъэщым.

КІэуэ зэпеуэр мэкъуауэгъуэм и 19-м зэхэтынущ. Эфир занщІэкІэ екІуэкІыну нэтыным нэдунейпсо финанс кризисыр абыи хэІэзэщІыхьащ.

Медведевыр Правительствэм и пащхьэм кьыщыщІэсэлъэну махуэр иджыри трауухуакъым. Дэфтэрым елэжьныр накьыгъэм икуэм зэфІэкІыну Кремлыр щогугъ. Абы кьыхэкІыу, ди къэралым мыгувэу кьыпэщыль ІуэхугъуэшхуитІым (Урысей-Евросоюз саммитымрэ Петербург экономикэ зэІущІэмрэ) я зэхуакум кьриубыдэу, нэгъуэщІу жьпІэмэ, накьыгъэм и кІэухым - мэкъуаугъэм и пэщІэдэм, ар дунейм кьытехьну упэплъэ хъунущ.

Президентымрэ премьер-министрымрэ зи пашэ кьулыкъущІэ гуп лъэщ иджпсэу зэрыгъэхьэжьыр Урысей Федерацэм щолажьэ. Абы кьыхэкІыу, къэралым и Лыщхьэр министрхэм я кабинетым и лэжьыгъэм хэІэбащэркьым, ауэ Іуэхугъуэшхуэхэр я пащхьэ ирагъэувэну хуитынкІэр кьыхьыхуетІэнкІэ. Араш Медведев Дмитрий Правительствэм и Президиумым и пащхьэм бюджетым теухуа дэфтэрыр ирилъхьну зыщІигъэхьэзырыр. Президентыр Унэ хужьым кьыщыщыпсалъэ дакьикьхэхэм ирихьэлІэу а дэфтэрыр Къэрал Думэм Іэрагъэхьэнущ, кьыкІэлъыкІуэ щыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм градзэну иратынущ.

БЕЛОВ Сергей.
«Российская газета».

Канцлерым и мазэ улахуэр саугъэту

мыщэхэм къыщащІэнущ Германием и «канцлерыщІэр» хэтми. Абы хущІэкъунущ жюрим иэхъыфІу кьиулъэтщ цІыхуитІыр.

Дауи, ZDF телеканалым иригъэкІуэкІ зэпеуэм щытекІуэм канцлер кьулыкъущ къыхуагъэфэщэнукъым, ауэ абы саугъэт лъапІэ кьыпонлъэ - канцлерым и мазэ улахуэр, еврэ мин 16, хъууэ. КъищынэмыщІауэ, Іэмал иратынущ нэмыщэ правительствэм и лэжьыгъэм зыщригъэгъэзэну, пІалъэкІэ нэхъ мыхъуми абы хэтыну.

КОМАРОВ Иван.
«Труд».

● Упщ І - жэуап

Ветерану къытхуэнэжар зыхуэдизыр

Хэку зауэшхуэм хэтауэ цІыху папщІэ Урысей Федерацэм иджыпсту щыпсэуэр? Дапщэ апхуэдэу кьыщынэжар зэуа дурей къэралхэм, къапщтэмэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм?

ЗУБАРЕВ Ярослав.

Къэрал Думэм Ветеранхэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым къызэрыщыджаІамкІэ, 2009 гъэм щІышыуэм и 1-м ирихьэлІэу Урысей Федерацэм учетым щыщытащ:

- Хэку зауэшхуэм хэтахэу - 452600-рэ,
- Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэу - 172100-рэ,
- тылым щылэжьахэу - мелуани 4,5-рэ.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм Ветеранхэм я Іуэхуэхмкіэ и комитетым къызэритамкІэ, иджыпсту а къэралым ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и ветерану мелуани 5-м нэблагъэ щопсэу. Абы кьыхаха ныкъуэдыкъуагъэм кьыхэкІыу цІыху мин 440-м компенсацэ ират.

Германием ветеран мин 700 щыІэщ. Франджым зауэм хэтауэ къыщалъытэ цІыху мин 800-м щІигъу.

«Аргументы и факты».

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзыр ХЬЭТАУ Исльамщ.

Франджым и президент Саркози Николя куэд щІауэ филателист цІэрыІуэщ. ЕэщІагъэлІхэр зэхъуапсэ коллекцэшхуэ дыдэ зэхуихьэсыну абы хуэфІэкІащ. Саркози и маркэхэм яхэтщ нэгъуэщІхэм яІэу зэи узримыхьэлІэхэр. Кьапщтэмэ, Антантэ зауэ блокыр кьызэрызэрагъэпэщыр илъэси 100 щрикъум и щІыхькІэ кьыдэкІахэр. Франджым и президентыр а Іуэхум зэрыдихьэхыр ящІэри, маркэз зэпэуэбгъэр абы тыгъэ хуащІ. Ар зыгъэгуфІахэм ящыщ Великобританиемрэ пащтых Елизаветэ ЕтІуанэр, Калифорнием и губернатор Шварценеггер Арнольд, къэрал зэмылЭуэкьыгъэхэмрэ я унафэщІхэр. ЗэрагъэхьэбарымкІэ, УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Саркози Николя совет маркэ гъуэтыгъуейхэр тыгъэ хуищІащ.

Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэзэ Къуэдз Iэбубэчыр фIыуэ къыщацIыхуу щIыналъэ куэдым. Абы адыгэ пшынэр зэригъэбзэрабзэр цIыхухэм я гум къонэ. Ауэ а зыракъым Iэбубэчыр фIыуэ щIалъагъур. Абы ди республикэм япэ дыдэу щригъэжьащ сабий гуп пшынэ еуэкIэм хуригъаджэу. ЕгъэджакIуэ гумызагъэм и фIыщIэщ республикэм Сабий творчествэмкIэ и унэм илъэс 15 хъуауэ «Макъамэ» пшынауэ гупыр зэрыщылажьэр. Къуэдзыр зи художественнэ унафэщI гупым «Щапхъэ зытрах» цIэ лъапIэр хуэфащэу зэрехьэ. Ар Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм, Иорданием, Сирием, Тыркум щекIуэкIа Iуэрыlуатэ фестивалхэм я лауреатщ.

КЪУЭДЗ Iэбубэчыр:

●Ди псэлъэгъуэхэр

Си IэщIагъэм къысхуихьа фIыгъуэмкIэ сыкъулейщ

- БАХЪСЭН РАЙОНЫМ хыхьэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм 1944 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м сыкъыщалъхуащ, - къыщIедзэ и псалъэхэр Iэбубэчыр. - Илъэсий школыр абы къыщызухащ, адэкIэ седжэну Iэмал сиIакъым. Илъэс 13 ныбжьым ситу ди анэм пшынэ къысхуищэхуат, дехьэхри, и насып хэлъу къыщIэкIынщ, жиIэри. Дэтхэнэ зы щIалэ цIыкIу ми хуэдэу, махуэ зытIущкIэ си щIэщыгъуэр икIри, пшынэри хыфIэздзэжащ. А илъэс дыдэм ди анэр сымаджэ хъури дунейм ехыжащ, и нэ къикIыу пшынэр къысхуищэхуами, си макъамэ зэхимыхыу. Тхьэм и шыкуркIэ, анэ шыпхъу сиIэхэт, си адэшхуэ-анэшхуэр, си анэкъилъху нэхъыжьу къуэшитIрэ зы шыпхъурэ къысщхьэщытти, абыхэм зеиншафэ къыстрамыгъауэу сыкъэхъуащ. Ди анэр зэрылIэрэ илъэс нэхъри нэхъыби дэкIауэ, си Iыхьлыхэр къызэлъэIуащ пшынэр къасщтэу сеуэну. ЦIыхум жепIэкIэ и фIэщ мыхъунри хэлъщ, ауэ пшынэр къызэрысщтэу занщIэу макъыр къэзубыдат. «Согъэджэгу» къафэр Къашыргъэ КIурацэ игъэзащIэу радиокIэ къату куэдрэ зэхэсхауэ сщIэрти, абы и никъуэрат пшынэм къизгъэкIар. Аращ гъуазджэм сызэрыхыхьар, япэ лъэбакъуэр зэрысчар.

Абы щегъэжьауэ нобэр къыздэсым пшынэр си Iэпэгъущ. Сэ нэхърэ илъэсипщIкIэ нэхъыжь ПщыхьэщIэ Мухьэжыррэ сэрэт къуажэм пшынауэу дэсыр. Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ жыхуаIэрати, етхуанэ классым сыщIэсу хьэгъуэлIыгъуэхэм срагъэблагъэ хъуащ, бэлыхьу семыуэми, Iуэхум сытрагъэг ушхуэу. Къуажэм, районым пшынэ еуэнымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIмэ, сыхэтт, увыпIэ гуэрхэри къэсхьырт.

1969 гъэм Бахъсэн ЩэнхабзэмкIэ унэм сашэ. Iэзэ дыдэ сыхъуауэ зыкъысщохъуж (мэдыхьэшх). Сыхуэарэзыщ абы щIэгъэкъуэн нэсу егъэджакIуэ емызэшу щызиIа уэрэдус, усакIуэ Бахъуэ БетIал. Куэдым хуэIэижь сищIат а цIыху гъуэзэджэм. «Зэ зы макъамэ пэжу зэбгъащIэмэ, адэкIэ езым хуэм-хуэмурэ къэбубыдурэ уекIуэкIынущ», - къызжиIэрейт абы, икIи пэж дыдэт.

Зеикъуэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щыIэ агитбригадэм дыдэлажьэурэ, абыхэм я зэпеуэу а зэманым щыIэу щытам япэ увыпIэр къыщытхьри, Москва дашат.

Зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, уэрэдымрэ къафэмкIэ лъэпкъ ансамблым къикIри укъалъыхъуащ, Къэбэрдей уэрамым тет 17-нэ унэм укIуэн хуейщ, къызжаIэ. Абы щыгъуэ ансамблым ДыщэкI ФатIимэт и пшынауэу, Ашуров Падацур накъырапщэу, Исааков Арон бэрэбэнауэу ядэлажьэрт. СыщIохьэ, ФатIимэт и пшынэр къызатри срагъэуэ. «Хъыбар уэдгъэщIэжынщ» къыщызжаIам, зыри къыскIэлъымыджэжми зэрт, сыкъэмымэхыу сыкъыщIэкIыжмэ, апхуэдизкIэ сышынати. Мазэ докIри сраджэ, ансамблым и лэжьакIуэу сыкъызэращтар къызжаIэ. КъэфакIуэхэм я закъуэ хамэ къэралхэм пшэну зэрынэхъ тыншым къыхэкIыу, хорыр радиом иратыжри, къэфакIуэ гупыр щхьэхуэ ящI, апхуэдэ щIыкIэкIэ «Кабардинка»-р къоунэху. 1965 гъэм фокIадэм и 1-м «ансамблыщIэм» лэжьэн щIидзащ, сэри абы щегъэжьауэ гупым и пшынауэ сыхъуащ. Илъэс 23-кIэ къэзгъэфащ «Кабардинкэр», абы щIыгъуу къэрал 40-м нэсым сыщыIащ, ди щIыналъэм и щIыпIэу щэрыщэ-плIэрыплIэ зыкъыщыдмыгъэлъэгъуа къэнауэ си гугъэкъым. 1979 гъэм КъБР-м щIыхь зиIэ и артист цIэ лъапIэр къысфIащащ, ЩIыхь тхылъ, саугъэт лъапIэ зыбжани къысхуагъэфэщащ.

КъэкIухьынри тIэкIу къыстехьэлъэ щыхъум, си гъусэу гупым щылэжьэн щIэзыдзахэр пенсэм щыкIуэм, сэ мурад сщIащ си IэнатIэр къэзгъэнэну. Зи щIалэгъу эхэм ядэхьун пшынауэ яIэмэ нэхъыфIт. СыкъызэрыIукIымкIэ лъэIу тхылъыр щыщIэслъхьа махуэ дыдэм щегъэжьауэ Сабий творчествэмкIэ унэм сыщолажьэ. Куэшей Алик къызэригъэпэща «Нал цIыкIу» сабий къэфакIуэ гупым и пшынауэу илъэс зыбжанэкIэ сыщытащ, иужькIэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI Къалмыкъ Кларэ «пшынауэ гуп бгъэсамэ фIыт» къыщызжиIэм, абы яужь сихьащ. Пэжщ, япэ щIыкIэ сытегушхуакъым, седжауэ, нотэр сщIэуэ зэрыщымытым къыхэкIыу. Ауэ сызыщIэгупсысыжри, сщIэр нэгъуэщIым щызбзыщIыну сыхуей хуэдэ сыкъикIуэтынкъым жысIэри, Iуэхум яужь сихьащ. Абы щыгъуэ къыдэкIыу щыта «Кабардино-Балкарская неделя» хъыбарегъащIэ газетымкIэ хэIущIыIу сщIащ адыгэ пшынэ еуэну хуейхэр зэрызгъэсэнур. 1994 гъэм тездза хъыбарегъащIэм фIэкIа нэгъуэщI зыгуэри зыщIыпIэ дежи щыжызмыIауэ, нобэр къыздэсым си деж къокIуэ сабийхэр, ныбжьыщIэхэр. «Нал цIыкIум» сыщыдэлажьэмрэ «Макъамэ» зыфIэсща си гупымрэ я репетицэхэр щызэтехуэ щыIэти, япэр къэзгъэнэн хуей хъуащ.

- «Макъамэ» ансамблым и зэфIэкIым, и ехъулIэныгъэхэм я гугъу къытхуэщIыт, Iэбубэчыр.

- ХъыбарегъащIэр цIыхухэм яхэIуа иужь, япэ мазитIым къриубыдэу сабий 60-м нэс къеекIуэлIащ си деж. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, псоми зэхуэдэу къащтэркъым пшынэ еуэныр, гъэсэнхэм ящыщ хэкIыжурэ гупыр нэхъ цIыкIу хъужащ. Ауэ зэи къэхъуакъым уеуэфынукъым жысIэу зыгуэрым щыжесIа, нэхъ къару мащIэ дыдэми макъамитIщы езмыгъэщIауэ щыхэкIыжа.

Илъэс къэс цIыхуитI-щы щIызогъэтIысхьэ Гъуазджэм-кIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щэнхабзэмкIэ и колледжым. Ар къэзыухахэм ящыщщ нобэ си дэIэпыкъуэгъуу гупым ядэлажьэ Къасым Рустам, си гъэсэнщ «Кабардинка» ансамблым и пшынауэ Гуэнгъэпщ Артур. Я щхьэ япIыжу, я унагъуэхэм ядэIэпыкъуу куэд дыдэ яхэтщ згъасэ цIыкIухэм. Зэпэубыдауэ, щэбэт, тхьэмахуэ хъуарэ пшынауэ хуейуэ къэпсалъэIамэ, абыхэм я деж згъэкIуэн сымыгъуэтыжу куэдрэ къысхуохуэ.

- Нотэр сщIэркъым зэрыжыпIар сэ хуабжьу згъэщIэгъуащ. Уи лэжьыгъэм ар зэран хуэхъуркъэ?

- Сэ си къулеигъэ нэхъыщхьэр си гурыхуагъэрщ. Иджыпсту мыбдеж щысу зы пшынауэм игъащIэм зэхэзмыха макъамэ къригъэкIамэ, сэ ар занщIэу згъэзэщIэжыфынущ, апхуэдизкIэ ар си лъым хэтщи. Уеблэмэ нотэр сщIэуэ щытамэ апхуэдэу къысхуэмыубыдынкIэ хъунт.

Республикэм и профсоюзхэм я унафэщIу щыта Сэбаншы Розэ культпросветучилищэм сигъакIуэри, зыгуэрым (хэтми сщIэжыркъым) сыкъипщытат. Пианинэм и зы Iэпэ трикъуэзэри дапщэми къэсщIащ, ауэ тIур схуэзэхэгъэкIатэкъыми, «макъамэм ухуэтхьэкIумафIэкъым» жиIэри сыкъыщIигъэкIыжат. Мис ар хуабжьу зэран къысхуэхъуащ, абы иужькIи зэи седжарэт жысIэу си гур къыдэжыжакъым. Абы щыгъуэ сыкъыщIимыгъэкIыжауэ щытамэ, седжэнут, нотэр зэзгъэщIамэ, ди макъамэхэр тхылъым иту къыдэзгъэкIыжынут. ЗэрамыщIэ Заретэ, ГъукIэ Мадинэ сымэ къыдагъэкIащ лъэпкъ макъамэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр, ауэ ахэр щызкъым, курых дыдэр, нэхъыщхьэр, къафэм хэлъ щэхур къонэ. Къапщтэмэ, бзэрабзэ къудейр птхын щхьэкIэ сыт хуэдизрэ укIэрысын хуей?!

- Пшынэ еуэныр цIыхухъу IэщIагъэкъым, жаIэ. Пшынауэ Iэзэ цIыхухъу куэд соцIыхури, сэ абыкIэ сыарэзыкъым. Iэбубэчыр, иджыпсту уи деж щIалэ цIыкIухэра хьэмэрэ хъыджэбз цIыкIухэра нэхъыбэу къакIуэр?

- Сэ къызэрыслъытэмкIэ, лэжьыгъэ Iей щыIэкъым, IэщIагъэ щхьэкIи зэи уукIытэ хъунукъым. ЦIыхубз Iуэхущ пщIантIэр пхъэнкIыныр, ауэ абы щхьэкIэ фIейуэ удэсыну?

Иджы уи упщIэм ехьэлIауэ. НыбжьыщIэ 28-м зыщагъасэ си дежи, 23-р щIалэ цIыкIущ, хъыджэбзхэр 5 къудей хъууэ аращ.

- Абыхэм яхэт куэдкIэ узыщыгугъ?

- Шэч къызытезмыхьэжыр зыщ: абыхэм я щхьэ япIыжыфынущ. Седжарэт жаIэмэ, зыри пэрыуэгъу яхуэхъуркъым, ауэ сэ зэрысщIэм хуэдэу макъамэхэр, къафэхэр абыхэм зэрезгъэщIэным яужь ситщи, я гъащIэ гъуэгуанэм хачэну лъэбакъуэхэм ахэр къыщIэдзапIэ яхуэхъунущ.

Иджыпсту сызыпэрыт лэжьыгъэр икъукIэ гугъущ. ИщхьэкIи и гугъу зэрысщIащи, нотэкIэ щумыгъаджэкIэ, къыпхуэнэжыр сабийхэм я гурыхуагъэрщи, абыкIэ псори зэхуэдэкъым. Хэти иджыпсту жепIар зэрыщIэкIыжу щогъупщэж, хэти занщIэу къепхъуатэ. ТIэкIу сызыщытхъужынщи, си пшынэ еуэкIэр куэдым ягу ирохь, сызыхуейри, мыр Iэбубэчыр зэрыхуейм хуэдэу игъэсащ, жаIэу си ужьым зыгуэр къинэныращ. Сэ абы щхьэкIэ си къару себлэжынукъым, гугъу сохь жысIэуи сыкъикIуэтынукъым. Зы пычыгъуэ пшынэм фIыуэ кърагъэкIамэ, абы сэ дамэ къыстрегъакIэ.

- Илъэс 65-р уи дежкIэ сыт, Iэбубэчыр, нобэ ирихьэлIэу сыткIэ укъулей?

- Анэ ущимыIэжым деж, хэт уимыщIэгъэкъуэнми насыпыфIэ уахуэщIыркъым. Илъэс 50-м щIигъуащ сыкъэзылъхуар зэрысщхьэщымытыжри, зы махуэ ар си гум ихуакъым, си пшынэ еуэкIэр зэхэзымыха си анэр щылIа махуэм ирихьэлIэу къэзлэжьа сомым щыщ абы хуэзмыгъэкIуэдауэ зэи къэзгъанэркъым икIи схузэфIэкIынукъым. Мис а ныбжь фIыцIэу си гъащIэм къыщхьэщытым фIэкIа къэмынэу, адрей псомкIи сынасыпыфIэу къызолъытэ. Си гуащIэм гулъытэ къыхуащI зэпытщ, псэупIэ унэкIи куэдрэ гугъу сехьакъым. Си IэщIагъэм къысхуихьа а фIыгъуэ псомкIи сыкъулейщ, си унагъуэращи - хъарзынэщ. Си хъыдж эбзитIым зэи сагъэукIытакъым, тIуми юрист IэщIагъэ яIэщ. Иджыблагъэ пхъурылъху цIыкIу къысхуалъхуащ. Сыт нэгъуэщI унагъуэ насып жыхуаIэр?!

- Уи унагъуэм и закъуэ мыхъуу, уи лэжьапIэми щыбгъэлъэпIащ укъыщалъхуа махуэр.

- Уэри зэрыплъэгъуащи, пщIэшхуэ къысхуащIащ. ФIыщIэ хузощI ар зи жэрдэм Къалмыкъ Кларэ, министерствэхэм я лIыкIуэхэм, си лэжьэгъухэм, пшыхьым кърихьэлIа псоми. Си гъэсэнхэм я адэ-анэхэу сытым дежи си щIэгъэкъуэн нэхъхэм Тхьэм фигъэпсэу яжызоIэ.

- Къыббгъэдэт псоми я гуфIэгъуэ куэд плъагъуну, ехъулIэныгъэ куэд уиIэну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ИСТЕПАН Залинэщ.

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Къуэдз Iэбубэчыр и ныбжьыр илъэс 65-рэ зэрырикъуамрэ ар зи художественнэ унафэщI «Макъамэ» пшынауэ гупыр илъэс 15 зэрыхъуамрэ щызэдагъэлъэпIа гуфIэгъуэ пшыхь.

Къуэдзым и зэфIэкIхэм, ар зи пашэ гупым и ехъулIэныгъэм кIэщIу и гугъу ящIа иужь, утыкум къращащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ нэхъыжь **Алокъуэ Ритэ**, ЩэнхабзэмкIэ министерствэм и къудамэм и унафэщI **ПащIэ Рамед**, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и унафэщI **Къалмыкъ Кларэ** сымэ. Ахэр Къуэдзым гуапэу ехъуэхъури, министерствэхэм я щIыхь тхылъхэр, щылажьэ Iуэхущ1апIэм кърыбгъэдэкI ахъшэ саугъэтыр иратащ.

Апхуэдэу Iэбубэчыр ехъуэхъуащ Сабий творчествэмкIэ унэм художественнэ гъэсэныгъэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэр, Къуэдзым и гъэсэнхэм я адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъа **Малкандуевэ Аня** сымэ.

ЗэIущIэр ягъэдэхащ КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубзэ артист Мэремыкъуэ Хъусен, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артист Теппеев Алим, «Кабардинка», «Балкария» къэфакIуэ ансамблхэм, «Шэджэм псыкъелъэхэр» уэрэджыIакIуэ гупым, «Асса», «Зори Кавказа» сабий къэфакIуэ, «Макъамэ» пшынауэ гупхэм, нэгъуэщIхэми. Псоми ягъэщIэгъуащ Iэбубэчыр и гъэсэнхэм я нэхъыщIэ дыдэ Бадзэ Идар цIыкIу и пшынэ еуэкIэр, Шэру Мурат и уэрэд жыIэкIэр.

Лъэпкъ макъамэ дахэм я гукъыдэжыр къиIэтарэ дэрэжэгъуэр яIэу зэбгрыкIыжащ пшыхьым кърихьэлIахэр.

Къуэдз Iэбубэчыр и гъэсэнхэр.

●Журналист ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ

Жьым фымыщI и жагъуэ

«Сэ сыщыгъуазэкъым адыгэхэм нэхърэ нэхъ хабзэшхуэ, нэхъ хабзэ дахэ зезыхьэ лъэпкъ щыIэу».

ДЖЕЙМС Бэлл,
инджылыз зыплъыхьакIуэ, щIэныгъэлI.

Къуажэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ зи ныбжь хэкIуэтахэм ятеухуа дерсхэр. Класс къэс щытепсэлъыхьырт нэхъыжьхэм яхуэщIыпхъэ пщIэм, якIэлъызехьапхъэ хабзэхэм. Абыхэм я гугъу тщIы къудейкIэ зэфIэдмыгъэкIыу, еджакIуэхэм ахъшэ зэхуэтхьэсри, жьыхэр щапIыж унэм едгъэхьащ.

А МАХУЭМкъыщыщIэдзауэ сэ гупсысэ хьэлъэм сиубыдащ. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, сэ сщIакъым Тэрч къалэ жьыхэр щапIыж унэ дэту. Апхуэдэ хабзэншагъэ ди деж щекIуэкIыуи, быным хыфIадза адэ-анэхэр щыIэуи, щыIэнкIэ хъунуи си пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым. Иджы куэдрэ согупсыс апхуэдэ цIыхугъэншагъэр, гущIыIагъэр къэзышэнкIэ хъуа Iуэхугъуэхэм, къэзылъхуахэр, зыпIахэр хыфIэзыдзэж быным а щIэпхъаджагъэр илэжьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуахэм. Щхьэ къэхъун хуей адыгэ унагъуэм ис нэхъыжьыр, кIэлъыплъыжын имыгъуэту, и гъащIэ къыхуэнэжар жьы хъуахэр щапIыж унэм щрихьэкIыу?! Зи хабзэ дахэхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ лъэпкъым апхуэдэ икIагъэр ищIэным сыт езыхулIар?

Ди адыгэ IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, нартхэр щыпсэуа лъэхъэнэм хабзэу щытащ жьы хъуахэр бгым щадзыжу. Зыри хуиттэкъым а хабзэм ебэкъуэну. Ауэ а хабзэ мыхъумыщIэр икъуташ нарт лIыхъужь Бэдынокъуэ. Абы и адэр бгым щимыдзыжу, бгъуэнщIагъым щигъэпщкIури, щэхуу, зыми къаримыгъащIэу щипIыжу хуежьащ. Нарт хэкум уэгъушхуэ къыщыхъуу яшхын ямыгъуэту къыщынэм, Бэдынокъуэ и адэм и чэнджэщкIэ мэшыпкъэжьыр явэри, цIыхухэр гъаблэм къелауэ щытащ. Нартхэр нэгъуэщI щытыкIэ мыщхьэпэхэм къикIынымкIи сэбэп хъуауэ щытащ Бэдын. Абы щыгъуэ Бэдынокъуэ нартхэм яжриIащ и адэр илъэс бжыгъэ хъуауэ бгъуэнщIагъым щэхуу зэрыщипIыр. Абы и ужькIэ нартхэм къагурыIуащ жьы хъуа цIыхум, къарукIэ зыри хузэфIэмыкIыжми, гъащIэ къигъэщIам къыхихауэ Iущыгъэ ин зэрыбгъэдэлъыр, акъылышхуэ зэриIэр. Арати, абдежым къыщыщIэдзауэ нартхэм жьы хъуахэр бгым щыдзыжын щагъэтащ, нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу, зыхуей хуагъазэу япIыжу щIадзащ.

Адыгэ хабзэм ныбжьышхуэ иIэщ. ЛIэщIыгъуэ IэджэкIэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуащ ар, гугъуехь куэдми къыпхихащ IэщIыб имыщIу. Ноби ди хабзэ дахэр хъумэныр дэтхэнэ зы адыгэми ди къалэн нэхъыщхьэу щытын хуейщ. А Iуэхугъуэр Iэпэдэгъэлэл тщIымэ, шынагъуэ щыIэщ нэгъуэщI лъэпкъхэм дахэшыпсыхьыжынкIэ.

ГъащIэм зиужьыхукIэ, зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр ди псэукIэм къыхыхьэхукIэ, хабзэми хуэмурэ зихъуэжащ. МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъым мыпхуэдэу щитхат: «Мы ди гъащIэм къыхуэтыр мащIэкъым, псом хуэмыдэу цIыхугъэ, гущIэгъу, напэ я лъэныкъуэкIэ. Ауэ а щыщIэныгъэхэр нэхъ кIащхъэ хъуну къыщIэкIынт цIыхухэм, лъэпкъым ди адыгэ хабзэр нэсу тщIэжу, щхьэхуещагъэ, фэрыщI хэмылъу дгъэзащIэу щытамэ».

Адыгэ хабзэр дахэщ, ар зезыхьэ цIыхухэм пщIэшхуэ хуозыгъэщI, лъэпкъыр зыгъэин, и щхьэр лъагэу езыгъэлъагъуж, щIэблэр зыгъасэ фIыгъуэшхуэщ. Абы и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр. Нэхъыжь и псалъэ тIу ящIыртэкъым. Адэ-анэм я жыIэ фIэкIыртэкъым. Ди лъэпкъыр къэгъуэгурыкIуащ ахэр зыхуей хуагъазэу, дунейм тетыхуи я закъуэу къамыгъанэу, я щхьэ мыгъуагъэ хурамыгъэхьыжу кIэлъыплъу.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ дэ тлъагъур аракъым. Я щIэблэм я гулъытэ хуэныкъуэ, унэ нэщIым зи закъуэу къыщIэна лIыжь-фызыжь куэд къуажэхэм уащрохьэлIэ. «ЛIыгъэм пащI щыIэкъым шэрджэсхэм, я щIэблэр абыхэм щIапIыкI хахуэу, бэшэчу, я адэ-анэхэм пщIэ хуащIу къагъэтэджыным», - жиIат 1723 гъэм Молдавием и тепщэу щыта Кантемир Дмитрий. Сыт атIэ зэгуэр апхуэдэ псалъэхэр зыхужаIа лъэпкъым и щIэблэм хабзэ дахэр IэщIэзыгъэхуар?

Нэхъыжьхэм ятеухуа псалъэжьхэри ди мащIэкъым лъэпкъым. Абыхэм ящыщ зыщ «Нэхъыжьыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр лъапIэныгъэ ихуэнщ» жыхуиIэр. Абы къикIырт нэхъыжьыр зымыгъэлъапIэм езыми пщIэ зэрыхуэмыфащэр. Арат адыгэхэм гъэсэныгъэм гулъытэ ин хуащIу щIыщытар. Гъэсэныгъэр къыщежьэр унагъуэращ. Зи быным гъэсэныгъэ нэс бгъэдэзымылъхьэфа, хьэл-щэн хэмылъу зыгъэсэхъуахэр аращ нобэ жьыхэр щапI унэм зи гъащIэр щызыуххэр. Абыхэм я бынхэр дахэу яхуапэмэ, шхын щIэщыгъуэхэмкIэ ягъафIэмэ, абыкIэ я къалэн нэхъыщхьэр зэфIагъэкIауэ къалъытащ. Апхуэдэ гъэсэныгъэм кърикIуари гурыIуэгъуэщ...

Сэ куэдрэ срохьэлIэ гъэсэныгъэ зыхэмылъ, си ныбжьым ит еджакIуэ цIыкIухэм. Апхуэдэхэр куэдрэ, я щхьэ хуагъэфащэу, нэхъыжьхэм япэроуэ, япопсэлъэж. Апхуэдэ сабийхэм я гугъэщ езыхэм нэхърэ нэхъыфI дуней псом темыту, сыт хуейми ящIэну хуиту, нэхъыжь-нэхъыщIэ жыхуэпIэхэр ауэ къэрамыдзэми хъуну. АбыкIэ жэуаптакIуэр я адэ-анэхэрщ. Сэ къызгуроIуэ абыхэм я щхьэ фIэкIа нэгъуэщI зэи фIыуэ зэрамылъагъуфынур, зыми пщIэ зэрыхуамыщIыфынур. СфIэпсэкIуэд мэхъу апхуэдэ сабийхэри, абыхэм я адэ-анэхэри. Апхуэдэ адэ-анэхэм я щхьэм мащэ къыхуатIыжу арац. Си фIэщу срогузавэ ди къэкIуэнум, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, гъэсэныгъэр IэщIыб зыщIхэм къахэхъуэ зэпыту екIуэкIмэ, къэзылъхуахэм япIыжу куэд щыIэнукъым.

Пасэм зи ныбжь хэкIуэта нэхъыжьхэр я закъуэу унэм къыщIэнэнкIэ щыхъур и бын псэууэ дунейм темытыжу щытмэт. Абы щыгъуэми, и жьы хъугъуэм зи закъуэу къэна цIыхур лъэпкъыр, хьэблэр зэхыхьэрти, зыхуей хуагъазэрт, япIыжырт. Дауэ укъэзылъхуа уи адэ-анэр я жьы хъугъуэм, я къаруушэгъуэм гулъытэншэу къызэрыбгъэнэнур?

Нобэ цIыхухэр щхьэ нэхъ гущIыIэ, гулъытэншэ дыхъуа? ДызыщIэгупсысыжу а хьэл мыхъумыщIэ зыхэтлъхьахэр IэщIыб тщIыну игъуэ мыхъуауэ пIэрэ? Согугъэ ди адыгэ хабзэ дахэм хуэфащэ увыпIэ ди гъащIэм щигъуэтыжыну.

ШАКЪ Аллэ,
Болэтей курыт еджапIэм и 9-нэ классым щIэс.

●Узыншагъэ

Мастэ хэлъхьэным теухуауэ сыт тщIэн хуейр?

Сабийм и зи чэзу мастэ хэлъхьэгъуэр къызэрысар дохутырым анэм щыжриIэкIэ, ар куэдым йогупсыс: «КъемыхьэлъэкIыну пIэрэ ар си сабийм? Шынагъуэншэу пIэрэ? Апхуэдиз мастэ халъхьэми сыткIэ хуей?»

НЭХЪ ХЬЭЛЪЭУ цIыхур зыгъэсымаджэ узыфэ зэрыцIалэхэр къемыуэлIэн папщIэщ мастэр щIыхалъхьэр. Сабийхэр зыщахъумэ узыфэхэм ящыщщ фэгъазэр (корь), псчэ бзаджэр (коклюш), дифтериер, щIыфэкъикIыр (краснуха), жьэгъубабэр (свинка), полиомиелитыр, апхуэдэу сыт хуэдэ ныбжьым итми яхуэлъэ жьэн узыр, гъуэжьузыр, столбнякыр.

Апхуэдэ мастэ хэлъхьэныр хуэунэтIащ цIыхум и Iэпкълъэпкъыр узыфэхэм пэщIэтыфу егъэсэным. Къапщтэмэ, и чэзум цIыхухэм мастэ зэрыхалъхьэм и фIыгъэкIэ фэрэкI, полиомиелит узыфэхэр къызэуалIэ дуней псом ущрихьэлIэжкъым. КъБР-м и цIыхухэм илъэс ещанэ хъуауэ фэгъазэ, илъэси 10-м щIигъуауэ дифтерие узыфэхэр къайуэлIакъым.

ЩыIэщ IэмалыншагъэкIэ е нэгъуэщI узыфэ щхьэхуэхэм зыщахъумэн папщIэ цIыхухэм езыхэм я жэрдэмкIэ зыхрагъалъхьэ мастэхэри. Апхуэдэ узыфэхэм хохьэ цIыху куэдым зэуэ къеуалIэ пыхусыхур. И чэзум хущхъуэр зумыхьэлIэмэ, узыкIэлъымыплъыжмэ, а узыр хэтIасэу гум, щхьэ куцIым, тхьэмбылым зыщритыж къохъу. Сабийхэм, уз гъэтIылъа зиIэ, жьы хъуа цIыхухэм пыхусыхур къапкърыхьэнымкIэ шынагъуэ нэхъыбэ щыIэщ икIи япэ дыдэу мастэ зыхалъхьэн хуей гупым ахэр хеубыдэ.

Языныкъуэхэм я гугъэщ витамин зэхуэмыдэхэмкIэ узыфэхэм уапэщIэтыфыну. Ауэ ар пэжкъым икIи мастэ зыхамыIуауэ узыфэ зэрыцIалэхэм щыщ къызэмыуэлIа сабийхэр щапхъэу къыщахькIи, ар зыми щыхьэт техъуэркъым. Апхуэдэ сабийхэм уз зэрыцIалэхэр къезыхьэкI микроб цIыкIухэр къазэрыжьыхэмыуамкIэ я кIэн къикIауэ къэлъытапхъэу аркъудейщ.

Узыфэ зэрыцIалэхэм щахъумэн папщIэ халъхьэ мастэр зэмызэгъыр зырызыххэщ. Апхуэдэм деж мастэ зыхалъхьа щIыпIэм деж плъыжь мэхъу икIи машхэ, апхуэдэу температурэри дэкIуеинкIэ мэхъу.

ЦIыху узыншэм мастэ зыхригъэIун и пэ, дохутырыр зригъэплъын, и температурэр къригъэпщын хуейщ.

НЭХУЩ Риммэ,
КъБР-м Гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ щыIэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ.

Куэдрэ зэща бзаджащIэхэр

КъБР-м террорист хьэгъэщагъэ зыбжанэ щызезыхьахэм япыщIа, бзаджащIэ гупым я пашэ Султанов Зейтун, абы и щIэгъэкъуэн Бозиев Алим сымэ УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъумрэ Урысей МВД-мрэ щаубыдым. Хьэсэней къуажэм деж ахэр хабзэхъумэхэм IэщэкIэ къащыпэуващ икIи а зэхэуэм бзаджащIэхэр щаукIащ.

2002 гъэ лъандэрэ Султанов Зейтун «Ярмук» террорист гупым хэтт, ар япыщIат бандэхэм я пашэхэу Басаевымрэ Хаттабрэ. Хабзэхъумэ лэжьакIуэхэр укIыным, террорист хьэгъэщагъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызехьэным хуэгъэпса гуп щхьэхуэ 2005 гъэм езым къызэригъэпэщат. БзаджащIэ гупым я пашэ Мамеевыр 2008 гъэм яукIа нэужь, террорист гупхэм я лэжьыгъэр КъБР-м и щIыпIэ куэдым щызэригъэкIуащ. Ингушым, Шэшэным, Дагъыстаным, Осетие Ищхъэрэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щыIэ бандэ гупхэм я пашэхэм ар япыщIауэ зэрыщытар яубзыхуащ. Абы дунейпсо террорист организацэхэм я эмиссархэм яIэригъэхьэрт бзаджащIэ гупхэм я лэжьыгъэм теухуа видеоотчетхэр, нэгъуэщIу зыхуейхэр, езыхэми Султановым сыткIи зыкъыщIагъакъуэрт.

Быдэу гъэпщкIуа егъэзыпIэхэр республикэм и бгы-мэзылъэ щIыпIэхэм бзаджащIэхэм къыщызрагъэпэщат. Абыхэм хамэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэраIэм и щыхьэт зыбжанэ хабзэхъумэхэм къагъуэтащ.

Республикэм щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр щызылэжьахэм яхэтащ Султановымрэ абы и гупымрэ. 2006 - 2008 гъэхэм къриубыдэу абыхэм яукIащ Шэрэдж РОВД-м и унафэщI, милицэм и полковник Конаков М.М. КъБР-м щыIэ МВД-м и УБОП-м и унафэщI милицэм и полковник КIарэ А.С., КъБР-м щыIэ МВД-м и криминальнэ милицэм и ОМСН-м и оперуполномоченнэ милицэм и лейтенант Рахаев А.Х., апхуэдэуи 2007 гъэм Лашынкъей пэгъунэгъуу щакIуэхэмрэ егерхэмрэ а бзаджащIэхэм щаIэщIэкIуэдащ. КъищынэмыщIауэ, зыбжанэрэ ятеуащ милицэм и лэжьакIуэхэм.

Султанов Зейтунрэ абы и гупым хэтхэмрэ я щIэпхъаджэ лэжьыгъэр къызэпыудыным теухуауэ Урысейм и ФСБ-мрэ МВД-мрэ Iуэхугъуэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIащ. Къызэрагъэсэбэпыным хуэщIа къагъауэ Iэмэпсымэу 20, Iэщэхэр, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэри куэду щагъэпщкIуа егъэзыпIэ 2008 гъэм и шыщхьэIум Белэ Речкэ къуажэм и Iэшэлъашэм къыщагъуэтауэ щытащ. 2009 гъэм Джэрпэджэж деж щаукIащ бзаджащIэ гупхэм ящыщу 7.

Зэрахьа лейр къащIэкIуакъым

IэщэкIэ зэщIэузэда бзаджащIэ гупхэм я пашэхэмрэ абыхэм хэтхэмрэ КъБР-м террорист хьэгъэщагъэ щызэрахьэныр къызэпыудыным, хабзэм къемызэгъыу зэрагъакIуэ Iэщэхэмрэ абыхэм я Iэмэпсымэхэмрэ къатехыным теухуа Iуэхугъуэхэр ирагъэкIуэкI УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ республикэм щыIэ МВД-мрэ.

2009 гъэм накъыгъэм и 10-м сыхьэт 21-м КъБР-м и къарузехьэ органхэм Бахъсэн куейм хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм щаубыдащ ВАЗ-2114 автомашинэр, щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэралэжьам къыхэкIыу къалъыхъуэ Мыкъуэжь Артуррэ Гулиев Маратрэ, абыхэм я дэIэпыкъуэгъу Сыжажэ Хьэсэн сымэ зэрысыр.

Хабзэхъумэхэм бзаджащIэхэр IэщэкIэ къапэуващ икIи а зэхэуэм автомашинэм къыщыуащ абыхэм я IэрыщI къагъауэ Iэмэпсымэр икIи иужьрейхэр ягъуэта уIэгъэм къелакъым.

Автомашинэр щызэпаплъыхьым къагъуэтащ Калашниковым и автомат, ПМ кIэрахъуэу 2, хамэ къэрал щащIа зы кIэрахъуэ, гранатэхэр. Хабзэхъумэхэм, цIыху мамырхэм лей зытехьа яхэткъым.

Мыкъуэжьымрэ Гулиевымрэ «Республикэ Шура»-кIэ зэджэм я пашэт, КъБР-м и «дзэ амирым» - Астемыр Анзор - и къуэдзэхэт. Ахэр къэралым къыщалъыхъуэрт террорист хьэгъэщагъэ зыбжанэ республикэм щызылэжьахэм зэрахэтам къыхэкIыу. Ахэр зэрагъэкъуаншэ щIэпхъаджагъэхэм ящыщщ 2004 гъэм и дыгъэгъазэм НаркоIуэхущIапIэм зэрытеуар, абы и лэжьакIуэу плIы яукIыу Iэщэхэр зэрызыIэрагъэхьар, 2005 гъэм и жэпуэгъуэм Налшык къызэрытеуар, 2007 гъэм и бжьыхьэм Батыр-Каят аузым цIыху мамыру 9 зэращыIэщIэкIуэдар. Ахэр яхэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и УБОП-м и унафэщI милицэм и полковник КIарэ Анатолэрэ ОМСН-м и лэжьакIуэ милицэм и лейтенант Рахаев Альбертрэ, Шэрэдж районым щыIэ ОВД-м и унафэщI, милицэм и полковник Конаков Мустэфа сымэ зыукIахэм, нэгъуэщI щIэпхъаджагъэ зылэжьахэм.

Мыкъуэжь Артур 90 гъэхэм я пэщIэдзэ лъандэрэ республикэм дин зэхьэкIар щыхэзыпщэхэм я пашэт, щыIэ властым IэщэкIэ пэувыну къыхуриджэрт.

Гулиев М. нэхъапэм хэтащ зэщIэузэдауэ бзаджащIэ гупым, 2002 гъэ лъандэрэ экстремистхэм я «амирхэм я советым» щыщащ, иужькIэ КъБР-м щыIэ бандэ гупым я финанс Iуэхур зэригъэкIуащ. Ар яхэту хьэрычэтыщIэ Iуэху зезыхьэхэм ятеуащ, ахъшэ къытрахащ.

Сыжажэ Хьэсэн Бахъсэн куейм и дин-экстремист гупым и пашэхэм ящыщ зыт, Мыкъуэжьымрэ Гулиевымрэ я щIэгъэкъуэнт, бзаджащIэ гупым пщэрылъ къыщащIхэр игъэзащIэрт, абы хэтхэр мылъкурэ техникэкIэ, IэщэкIэ къызэригъэпэщырт.

Мыкъуэжьым, Гулиевым, Сыжажэм я террорист хьэгъэщагъэхэр къызэрызэпаудам республикэм щыпсэухэм иджыри зэ ягу къигъэкIыжащ къэралымрэ цIыхубэмрэ япэувахэм ар зэи къазэрыщIэмыкIуэнур, яхуэфащэ тезыр зэрахьынур.

Къэхъуам теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

КъБР-м и хабзэхъумэ органхэм зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

●ХъыбарегъащIэ

Феджэну фыхуеймэ

РАН-м и КъБЩIЦ-м Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым мыпхуэдэ IэщIагъэхэмкIэ аспирантурэм (махуэрыеджэу е лэжьыгъэри еджэнри зэдихьу), докторантурэм щеджэну хуейхэм хъыбар ярегъащIэ, зыхуеину тхылъхэр и чэзум ягъэхьэзырын папщIэ:

- Дифференциальные уравнения;
- Математическое моделирование, численные методы и комплексы.

ЗэрыщIэтIысхьэну тхылъхэр 2009 гъэм шыщхьэIум и 31 пщIондэ Iахынущ.

ФыщIэупщIэ хъунущ мы хэщIапIэмкIэ:

360000, КъБР, Налшык къалэ, Шортэным и уэрам, 89 «а»

Телефонхэр: 42-64-17 - докторантурэмрэ аспирантурэмрэ кадрхэмкIэ я къудамэ, 9-нэ пэш;

42-66-61 - егъэблэгъапIэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ**(жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Къардэн Маритэ, Ныбжэь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23, 42-63-64; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩэнхабзэмрэхъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1,2-нэ нап.)*, Цей Заирэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №1505